TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

643 FR Dew t KSB/DE

Hargana f 0,25

TJARITA SINBAD

KARANGAN

A. F. VON DEWALL.

PNRI Balai Pustaka

UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
KALOEARAN
BALE POESTAKA

P. DUCRO. UITV.

Het auteursrecht voorbehouden ingevolge artikel 11 v/d wet in Stbl. 1912 No. 600.

Hak noe ngarang disĕngkĕr noeroetkeun artikel 11 tina wet, noe kaeoni dina Staatsblad 1912 No. 600.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka



PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Serie No. 643

TJARITA SINBAD

KARANGAN

A. F. VON DEWALL

DISOENDAKEUN KOE

MAS ADINATA

Het auteursrecht voorbehouden ingevolge artikel 11 van de Wet, in Staatsblad 1912 No. 600.

Hak noe ngarang disengker noeroetkeun artikel 11 tina Wet, noe kaoeni dina Staatsblad 1912 No. 600.

KALOEARAN
BALE POESTAKA

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR — WELTEVREDEN 1924.

EUSINA.

I. Kadoehoeng tara ti heula 3
II. Babalik pikir 6
III. Poelo hiroep. 9
IV. Radja Mihras 13
V. Galoedra 19
VI. Lébak intén djeung oraj 23
VII. Manoek Radjawali 27
VIII. Djélëma hideung 32
IX. Sela 38
X. Diroeang-kerepes 43
XI. Panoetoep 47

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

I.

Kadoehoeng tara ti heula.

Ngaran koering Sinbad. Indoeng-bapa koering soedagar beunghar katjida, malah kasĕboet oge noe pangbeungharna di sanagara Bagdad mah. Ari anakna ngan hidji-hidjina, nja eta koering; kanjaahna ka diri koering geus taja papadana bae, kawantoe ka anak sasiki, tjek babasan tea mah tjara nanggeuj ĕndog beubeureumna bae. Teu atjan pisan koering ngarasa dipoengpang kahajang, soemawonna ditjarekan atawa diteunggeul mah tjara baroedak sedjen koe kolotna, tara pisan, sanadjan koering ngalampahkeun kalakoean noe teu pantĕs oge, kolot teh sigana ngan deudeuh bae, asih bae. Estoe diwowoj pisan, djeung teu koerang saratna ongkoh pikeun ngawowoj.

Tina kitoena djadi taja pisan kasieun, malah nĕpi ka wani ngalawan ka kolot teh, lamoen digeureuh-geureuh saeutik oge. Atoeh beuki gĕde teh koering beuki goreng adat bae; sapoĕ-sapoĕ tara aja gawe, ngan pĕpĕlĕsiran, gigindingan, abring-abringan bae djeung sobat-sobat ka ditoe-ka dieu . . . . . Pendekna koering estoe sĕnang ngahĕnang-ngahĕning, teu aja kasoesah, teu aja kabingoeng, sagala kahajang laksana.

Lawas-lawas indoeng bapa koering beuki karolot bae; bapa, djadi aki-aki, indoeng djadi nini nini, sarta lila-lila beuki raripoeh, nĕpi ka karoendang iteuk.

Barang oemoer koering djĕdjĕg 20 taoen, bapa nĕpi kana titis-toelisna, moelih ka rahmatoe'llah. Toeroeg-toeroeg sataoen ti harita indoeng oge noetoerkeun, poepoes. Atoeh teu kira-kira bae nja prihatin, nalangsa kabina-bina katinggal koe indoeng-bapa noe sakitoe njaraaheunana ka koering. Estoe moengpoeng kabingoeng, ngarasa keueung djeung bangĕt nalangsa, dipisahkeun djeung kolot noe katjida dipikanjaahna koe koering sarta moal papanggih deui satoetoep oemoer.

Tapi hate nalangsa teh teu lila, kaganti koe kaboengahan, sabab banda bapa noe sakitoe lobana teh ajeuna mah djadi milik koering pribadi; moal aja noe njisikoedi nadjan rek dikoemaha-koemaha oge. Tapi da boeboehanana, ari ingĕt mah nja nalangsa bae; koe sabab eta sabeunang-beunang dipapalerkeun koe roepa-roepa kasoekaan. Salawasna taja deui noe dipikiran, ngan neangan kapĕlĕsiran noe matak njoekakeun kana hate bae.

Lat bae ka sakoer piwoeroek-piwoeroek sĕpoeh djeung goeroe mah, woengkoel ngadjoedjoer napsoe; keur mah toeman ti boeboedak, toeroeg-toeroeg teu koerang saratna, atoeh manan eureun kalah beuki njoso, tĕroes ngabadjoe, rĕsĕp borak-borak, ganti-ganti kasoekaan pĕlĕsir djeung sobat-sobat. Ari sobat gĕrĕjĕk, bangsa poetra-poetra menak djeung sasama pirang pirang; aja noe saloehoereun, aja noe sahandapeun oemoerna. Da kitoe geuning ari ka noe aja tjiwiteunana mah pada daek misobat-midoeloer teh. Sabalikna ari ka noe taja kaboga mah, kalolobaanana djĕlĕma, soemawonna ka deungeun-deungeun, dalah ka barajana oge bangoenna teh teu rĕsĕp bae, tampolana nĕpi ka sieun kaandjangan oge.

Koering djeung sobat-sobat tea, beurang-peuting teh estoe taja pisan pagawean, ngan kitoe bae tjoerak-tjoerak dahar-leueut, najoeban arak-arakan; eta kabeh euweuh saroepa noe teu make doeit. Mim toedjoeh teh meh kabeh bae kapapaj, kawantoe sobat sobat teh lolobana mah saroeana pada rarĕsĕp ngaladjoer napsoe. Sagala ongkos-ongkos pikeun sagala kapĕlĕsiran ditangkĕs koe koering pribadi.

Goenoeng loehoer lamoen hantĕm didoengkaran, laoen-laoen mah tangtoe rata. Nja kitoe deui koering, nadjan harta-banda titinggal kolot sakitoe lobana oge, kalah koe dihabĕn dipitjeunan beurang-peuting, di djĕro doea taoen teh geus meh bĕrĕsih. Geus kitoe mah kakara kapikir, jen doenja teh teu langgĕng. Atoeh koemaha teu rek bĕrĕsih, mitjeunna taja oesoemna, ari ngadatangkeun saboelan sapeser ge hĕnteu.

Ajeuna mah kantoen bingoengna bae, geus loba kahajang noe teu kasorang, andjogna nanggeuj gado, tjipanon ngoetjoer.

Djeung katoeroeg-katoetoeh deui, eukeur mah njĕri koe geus taja kaboga, katambah njĕri koe sobat; sobat[2] noe bareto sagoe-loeng-sagalang teh, tjoerak[2] dahar leueut di imah koering, ajeuna mah bangoen arĕmboeng panggih[2] atjan, da koering geus batan sakieu, geus roedin, taja araheunana. Malah moen parĕng papanggih oge, kawas noe sieun ditanja. Padahal koe tatjan njoesahkeun ka maranehanana teh, anggoer mah koering noe karorontjodan.

Mindĕng pisan koering noeloengan kana kasoesah maranehanana — bareto waktoe keur aja — tara pisan mogogkeun kaboetoehna, boh barang boh doeit, soksok bae, da nja eta rasa ka sobat tea.

Ari ajeuna, koering geus malarat.....bĕt karitoe. Nja katjida matak njĕrina teh. Paingan saoer sĕpoeh, teu gampang njiar sobat teh, da lolobana mah njarobatna kana bandana, hormat asihna teh kana barangna, lain ka djĕlĕmana. Boektina koering bae, kapan waktoe mamanisna mah paboro-boro pada hajang midoeloer. Koemaha ari ajeuna, tinggal papaitna?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Oelah bon hajang midoeloer atawa misobat tea, papanggih oge geus teu harajangeun. Njata pisan saoer noe palintër: „Dina waktoe kasoesahan, bisa milih sobat noe saestoe."

Ëmh, kieu rasana ari noe teu noeroet kana piwoeroek sëpoeh. Bënër tjatjandran karoehoen, jen: „Kadoehoeng teh tara tiheula. . . . . "

PNRI Balai Pustaka

II.

Babalik pikir.

Tina beurang-peuting dipake ngoeloewoet mikiran kadar diri djeung sagala kalakoean noe ka toekang, kadoehoeng taja anggeusna, toengtoengna badan oge miloe roeksak, awak koering djadi koeroe, panon tjëlong, beungeut pias, leuleus loengse taja tanaga. Pikir oge sëlang-sëling geus teu bisa ngabedakeun hade djeung goreng, noe poegoeh mah ngan aral bae, leungit akaltarekah, asa poëk boemi-alam.

Nilik saroepa kieu mah kawas hamo koeat nahan lila[2] aja di alam-doenja teh, tina geus teu aja harëpan kana pinanggih deui djeung kasënangan. Rek oesaha seunggah, da teu biasa; djeung sanadjan oesaha oge moal ënja bisa poelih deui sabaheula. Ah, teu goena lila[2] hiroep oge. . . . . .

Lantaran pik r koering kitoe, hate beuki leutik bae, beuki tambah aral-soebaha, tina teu toemarima kana papasten diri, toengtoengna kaoesap setan, iblis ngarandjing, koering boga ingëtan rek maehan maneh. „Sabab", tjek koering dina hate, „mënding paeh ti batan hiroep lara-wirang mah."

Tina geus gilig pikir rek maehan maneh — da geus tetela teu gënah koemëlëndang di alam doenja teh ari kieu mah, taja harëpan pinanggih djeung kamoeljaan diri — boes k.ering ka kamar, njokot sëkin ditjëkël koe leungeun katoehoe, leungeun kentja moekakeun dada.

Barang peso geus dioengkoelkeun, tjongono malëbahan harigoe, rek nëwëk maneh, doemadakan ngan ras bae ingët kana tjaritana bapa, hal lalampahan andjeunna, kieu saoerna:

„Sinbad, koe maneh meureun katendjo jen harta-banda mama sakieu lobana. Tapi sing njaho, ieu doenja barana pirang[2] teh datangna hënteu brëg samasakali, da lain banda warisan, estoe beunang mama koeroe-tjileuh këntel peudjit, datangna noengtoet saeutik-saeutik.

Mimitina mama dagang barang leuleutikan bae, modalna ge ngan oekoer poeloeh, atoeh oentoengna oge teu sabaraha. Tapi lantaran mama djeung iboe toemarima kana kadar, njieun mahi koe saeutik sarta ngadjalankeun rikrik apik kana rëdjëki; kitoe deui sabisa-bisa ngalampahkeun tjëpët bënër, ngadjaoehan sagala lampah noe salah, tara nganteur napsoe, bari teu pëgat nënëda

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ka Goesti Allah, moegi moegi diri pinanggih djeung kamoeljaan doenja-aherat; laoen-laoen nja kaboel oge panĕdja teh, tinĕmoe djeung kasĕnangan, mama teu ngalieuk ka euweuh, tjara boektina ajeuna katendjo djeung karasa koe maneh."

Sanggeus koering ingĕt kana tjaritana bapa kitoe, djol datang pikiran kieu: „Teu matak naon diri aing oge lamoen kitoe tjara bapa, teu moestahil moenggoehing Allah ta'ala ngĕrsakeun diri aing pinanggih djeung kamoeljaan nadjan leuwih ti noe ĕnggeus-ĕnggeus oge, da Allah ta'ala mah maha moerah toer maha kawasa, asal aing daek ihtiar kalawan soenggoeh-soenggoeh hate bae bari teu pĕtot nĕnĕda ka Maha Soetji."

Eta pikiran teh sapĕrti timbalan Goesti Allah datangna ka koering, leungeun noe dipake njĕkĕl peso teh ngoelapes, leuleus, pesona moerag. Hate djadi gĕde deui, aja deui pangharĕpan; pikir niat rek maehan maneh teh leungit, kaganti koe boengah, doemeh ingĕt jen aja keneh barang saeutik-eutikeun geusan pimodaleun, sabab koering boga ingĕtan rek diadjar dagang noeroetan bapa.

Djeung koering djangdji dina hate, niat mitjeun sagala kalakoean goreng, rek ngadjalankeun tjĕpĕt-bĕnĕr, ngalampahkeun kahadean kalawan soenggoeh-soenggoeh bari moemoentang ka Pangeran, njoehoenkeun didjaoehkeun tina sagala panggoda setan, dipaparinan iman noe sampoerna djeung njoehoenkeun dihampoera dosa.

Geus kitoe toeloej koering ka loear ti pangkeng, gek dioek bari mikir-mikir pimodaleun.

Barang barang sakoer noe aja keneh koe koering dikoempoelkeun, rek dipake modal. Sanggeus sadia toeloej indit ngadjoegdjoeg ka nagara Basrah, sĕdja diadjar dagang.

Barang geus datang ka dajeuh Basrah, koering teu lila-lila aja di dinja, sabab aja maksoed rek dagang ka noe djaoeh, niat balajar ka nagara-nagara sedjen; soegan bae djadi lantaran kana hasil maksoed, pinanggih djeung kasĕnangan tea.

Mindĕng pisan koering ngadenge tjarita-tjarita tina hal lalampahan di laoetan djeung kaanehan di nagara-nagara sedjen, katjida panasaranana hajang njaho sorangan, atoeh beuki kĕjĕng bae niat rek lalajaran teh. Pikir geus gilig rek njaba ka nagara-nagara sedjen tea, toeloej indit ngadjoegdjoeg ka palaboean.

Di palaboean loba pisan noe pada rek balajar, toeloej koering babarĕngan djeung maranehanana noempang kana hidji kapal noe harita kabĕnĕran rek miang. Sanggeus koering katoet babawaan aja di djĕro kapal sarta geus mĕrĕnah, toeloej oenggah deui ngalong dina dek bari alak-ilik soegan aja noe wawoeh.

Barang geus deukeut kana waktoena kapal mangkat, matros-matros pahiboet satjabakna-satjabakna bari ngaromong pabĕdas-bĕdas tjara noe pasea bae. Teu lila toeloej djait djangkar beber

lajar, kapal njolojong ka loear ti palaboean baris njorang laoetan noe sakitoe lĕgana . . . . . .

Harita ras koering ingĕt jen diri rek ngadjaoehan lĕmah tjai tĕmpat bali geusan ngadjadi sarta teu bisa nĕtĕpkeun naha pibisaeun balik deui ka lĕmboer sorangan atawa moal. Ras deui ingĕt ka kolot noe geus teu aja di kieuna, noe sakitoe njaraaheunana ka diri, lamoen araja keneh mah moal ĕnja nĕpi ka njorang lara-wirang tjara ajeuna datang ka ingkah ninggalkeun talapakan kolot.

Tapi sadjĕroning kitoe teh hate mah teu pĕgat noenoehoen ka Goesti Allah, moegi-moegi andjeunna maparin rahmat salamĕt salalawasna, sarta moegi-moegi dikaboel maksoed, tinĕmoe kasĕnangan djeung kamoeljaan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

III.

Poelo hiroep.

Tina kadjongdjonan teuing, koering nepi ka teu ngarasa jen harita aja dina kapal, di sagara noe sakitoe legana; ingét-ingét soteh nendjo ka daratan, ka lébah palaboean noe tjikeneh ditinggalkeun, manahoreng geus djaoeh pisan; djélema-djélema noe sakitoe oetéjna, goedang-goedang djeung gédong-gédong noe sakitoe galédena teh geus teu tembong hidji-hidji atjan, ngaroenggoenoek bae siga poelo noe taja eusian, padahal nagara sakitoe ramena, tajoh geus rada lila ninggalkeun palaboean teh. Sapandjang katembong keneh mah koering méntjrong bae ka lébah palaboean, nepi ka lésna pisan.

Kapal gantjang pisan ladjoena tina meunang angin hade, njoeroewoek meulah tjai mani tjara paser bae. Ajeuna koering geus aja di téngah laoetan, kaler koelon kidoel wetan teh euweuh deui noe katendjo ngan langit djeung tjai; sisi langit teh siga tépoeng djeung tjai.

Waktoe koering ngawaskeun daratan, teu wéleh heran doemeh daratan teh katendjona beuki lila beuki kalém, toengtoengna mah lés bae siga asoep ka djéro tjai. Kitoe deui goenoeng noe pangawasna ti palaboean, mimitina lés soekoena, toeloej awakna, lila-lila ngan tembong poentjakna sarta andjogna mah lés bae leungit siga kalém ka djéro laoet.

Hat eta koe koering ditjaritakeun ka nangkoda djeung ka batoer-batoer noe sedjen noe pada rémén lalajaran; tjek nangkoda aja deui noe aneh, nja eta lamoen rek ngadatangkeun ka palaboean noe aja moenara-lanterana sarta kabénéran keur hoeroeng (sore atawa soeboeh), eta lanterana teh mimitina mah katembongna siga dina beungeut tjai, siga bidjil ti djéro laoet lila-lila beuki loehoer, beuki loehoer, siga naek ka awang-awang tjenah.

Sadjéroning koering tjatjarita djeung nangkoda, bét ngarasa rieut djeung sébél. Kawasna katangen koe nangkoda ge, da andjeunna mariksa kieu:

„Koe naon andjeun pias, bangoen boga kanjéri?"

„Lérés," tjek koering „ngaraos lieur saréng rieut, saréng sarébél deui."

PNRI

Sanalika eta keneh koering ngarasa rek oetah, toeloej loempat kana pagĕr kapal, or oetah babalongkengan kawas rek toeloej sakarat bae.

„Tong reuwas-reuwas, mabok laoet eta teh," tjek nangkoda bari njampeurkeun, „kĕdĕngkeun bae, ĕngke oge tjageur."

Ti dinja toeloej koering toeroen, rek ngĕdĕng; katjida teu ngareunahna, pangeusi beuteung asa dikotjlok, tetendjoan maloentir, leumpang oge moen teu ditjĕkĕlan koe nangkoda mah boa-boa moal bisa, tina sakitoe landjoengna. Datang-datang ka kamar, doeg ngĕdĕng sarta teu koengsi lila reup koering hees . . . . .

Sanggeus sababaraha poĕ lilana aja di laoetan teu aja halangan-haroengan, kabĕnĕran angin hade, ladjoena kapal lĕtjĕng tarik pisan. Matros-matros saroeka boengah, roepa-roepa polahna, aja noe heheotan, aja noe kakawihan, noe tjatjarita bae bari ngapoetan lajar, noe njieun tambang djeung djaba ti eta digarawe, tamba nganggoer satĕngah aroelin, da poegoeh kapal sakitoe ladjoena, toemaninah taja pikasalĕmpangeun.

Koering oge harita miloe soeka-soeka; mabok laoet tjara basa anjaran ajeuna mah teu karasa deui, tinggal rĕsĕpna bae nendjo lambak tingsoeroewoek-tingsiriwik noe gĕde noe leutik naradjang kana kapal; kapal ampoel-ampoelan nambahan gĕnah ka noe keur saroeka-boengah. Kitoe bae oenggal poĕ; estoe teu aja pisān karempan.

Gantjangna koering geus njimpang ka sababaraha palaboeān noe rame, noe koerang rame, noe tiiseun, kabeh dieureunan, nja eta ngadjoeal atawa noekeurkeun barang-barang dagangan djeung njiar barang-barang djoealeun deui.

Dina hidji poĕ koering djeung batoer-batoer di kapal saroeka-soeka tjara sasari, doemeh meunang angin hade, ti barang indit nĕpi ka waktoe eta teh salamĕt bae teu aja sakara-kara, oedjoeg-oedjoeg lĕs bae euweuh angin saeutik-eutik atjan. Atoeh kapal teh teu bisa ladjoe, angkleung-angkleungan bae kababawa ombak deukeut ka hidji poelo.

Dĕmi eta poelo teh handap pisan nĕpi ka meh rata djeung tjai, ngan rada beh tĕngahna bae noe rada loehoer teh. Djeung aneh, koe taja pisan tatangkalanana, kawas tĕgal paranti pĕlĕsiran bae roepana hedjo, djoekoetna kawasna kakawatan bae (djoekoet rakĕt) djeung loekoet.

Tina euweuh bae angin, nangkoda ngidinan ka matros matros djeung ka noe nāroempang di kapal pikeun harandjat ka eta poelo. Koering oge miloe djeung batoer batoer toempak sampan rek handjat ka dinja, pĕlĕsir hajang tĕrang kaajaanana.

Barang nĕpi, koering sabatoer-batoer harandjat, tapi edas koe leueur, leumpang teh meh teu ladjoe balas tisoledat; koering kaget dina hate, doemeh tjek sangkaan tadi mah eta poelo teh pinoeh koe djoekoet kakawatan atawa sabangsa djoekoet rakĕt

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p

lian ti eta bae, tapi ari boektina, wĕt teu aja djoekoet salambar-lambar atjan soemawonna tatangkalan mah, estoe lenang bae, ngan taneuhna hedjo, tembongna ti kadjaoehan mah siga djoekoet.

Lain koering bae noe kaget teh, batoer-batoer oge hareraneun pisan, tapi sarerea oge pada njangka jen eta teh poelo anjar keneh bae.

Ti dinja gĕr pada saroeka-soeka, aja noe oedag-oedagan, noe igĕl-igĕlan bari kakawihan, aja noe heheotan bae djeung djaba ti eta. Sanggeus sareubeuh oelin, toeloej mariroen seuneu bari bararang dahar balaketjrakan, kadaharanana bawa ti kapal.

Barang keur ngareunah-ngeunah barang dahar, ngan oedjoeg-oedjoeg gendjlong bae eta poelo noe ditjaritjingan koe koering djeung batoer-batoer teh, ... atoeh da dasar leueur, ajeuna ĕndag, sakoer noe kabĕnĕran keur nangtoeng mah kabeh laboeh patindih-tindih, patinggorempal. Koering oge harita tibeubeut, kokosodan kokosehan, hararese nakĕr rek tjĕngkat teh bloek deui, bloek deui laboeh.

Hal eta koe oerang kapal oge katangen, maranehna mere isarat, nitah soepaja koering djeung batoer-batoer boeroe-boeroe aroenggah kana sampan. Atoeh paboro-boro kana sampan, noe teu kaboeroe, gĕdjĕboer ka laoet, tĕroes ngodjaj moro ka kapal.

Dĕmi eta noe disangka poelo teh saestoena mah lain, nja eta laoĕk anoe gĕde kabina-bina. Taksiran noe ditarintjak koe koering djeung batoer-batoer teh poendoekna atawa hoeloena boa; mangka-mangka koe koering sabatoer-batoer diparake pĕlĕsir, ngadoeroekan sagala roepa, atoeh noe boga awak tangtoe bae moal ngantĕp, da meureun karasaeun, ateul atawa getek; noe matak oesik.

Batoer-batoer kabeh geus rek narĕpi ka kapal, noe toempak sampan, noe ngodjaj, ari koering kasima, rek ngodjaj teu wani, kana sampan teu kaboeroe, da eleh tangginas, batoer-batoer mah birat paboro boro kana sampan, koering mah kokosehan keneh, seuseut bisa nangtoeng tina sakitoe leueurna, toengtoengna hookeun molotot mata simeuteun.

Koering tjoenĕngnĕng keneh, lĕkĕtĕp laoek teh teuleum, atoeh samar polah, roewal-rawel roroĕsan; kabĕnĕran deukeut koering aja kai bawa ti kapal, tadina keur soeloeh, toeloej ditewak dipake moentang, sangkan teu nĕpi ka titeuleum, soegan kaboeroe katoeloengan koe noe di kapal. Tapi dasar diri keur apĕs, djĕlĕma-djĕlĕma di kapal bĕt lain noeloengan, sigana teh kalah pahiboet masang lajar, pedah harita datang deui angin.

Tetela kapal teh madjoe gantjang pisan ladjoena, lajarna moenggah mĕlĕndoeng koe angin, ngan sakitjeup kapal teh geus lapat-lapat djaoeh pisan. Ari koering mah angkleung-angkleungan bae dibabawa ombak ka ditoe-ka dieu, bari moentang pageuh pisan kana kai tea.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Sadjëroning kitoe teh koering teu wëleh heran koe oerang kapal, naon sababna noe matak teu naroeloengan? Naha teu njarahoëun kitoe, jen koering tinggaleun, atawa sarieuneun koe laoek gëde tea?

Kapal geus teu lapat[2] atjan, koering djongdjon bae ambang-ambangan di sagara noe sakitoe oeploek-aplakna teu njaho di lëga-lëgana. Ëmh, ajeuna mah geus taja taksiran kana meunang pitoeloeng batoer, ngan kari pasrah bae ka Goesti Allah, bari teu pëgat nënëda, moegi[2] Andjeunna maparin pitoeloeng, ngadjait tina bahja maot.

Di djëro sapoë sapeuting mah koering ingët keneh; tapi barang kadoea poëna, awak teh ngarasa leuleus lësoe teu aja tangan-pangawasa, toengtoengna mah lës bae teu ingët ka alam-doenja....

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

IV.

Radja Mihras.

Barang ras ingĕt deui, bĕt geus aja di darat, ngagoler dina keusik. Koering asa[2] keneh, naha saĕnjana geus aja di darat atawa ngimpi aja di darat? Toeloej ngegel letah, bĕt njĕri, djoeng nangtoeng bari roeroet-reret, tetela aja di sisi laoet dina basisirna hidji poelo. Taksiran bae tadi waktoe koering ngambang di laoetan, kabawa koe ombak sarta toeloej njangsang di dinja.

Koering moedji soekoer ka Goesti Allah reh parantos maparin pitoeloeng, nĕpi ka bisa deui nendjo boemi-langit.

Ajeuna mah teu samar deui, tetela ieu mah poelo, beh tatang-kalanana beh keusikna, sidik lain poelo hiroep alias laoek gĕde tjara noe ĕnggeus. Toeloej koering naek kana gawir, moentang kana akar[2] kai rek oenggah ka darat, sabab basisirna teh goerawes. Katjida haresena, kawantoe sakitoe loengsena meh teu aja tanaga. Barang geus nĕpi koering ngarasa tjape kabina-bĭna, leuleus loengse alah batan hoedang gĕring, toeroeg[2] toendoeh beak kadaek djeung beuteung lapar teu kira-kira.

Badan lĕsoe mani asa teu toelangan, panon toendoeh meh teu beunang dibeuntakeun, beuteung peurih, peudjit asa dipoerilit-poerilitkeun; andjogna ngalehleh njarande kana kai, teu karasa deui ngan kĕr bae sare ni'mat pisan.

Ari lilir isŏek[2]; nja tibra ĕnjaan, sapeuting djĕpoet nĕpi ka teu lilir sakali-kali atjan. Awak ngarasa sĕgĕr meueusan, ngan lapar karasana beuki pohara, beuteung panas djeung teu repeh-repeh disada gĕrak-gĕroek menta dieusian. Toeloej koering indit rek neangan boeboeahan, dangdaoenan atawa akar-akaran atawa naon bae noe sakira beunang didahar; tapi boeboeahan mah teu manggih, atoeh poepoetjoekan djeung akar-akaran bae noe didahar teh; mimitina mah ngadahar noe kitoe teh meh teu ladjoe, nja pait, nja pahang djeung kĕsat, tapi kalah koe dikeureujeuh, nja teu loepoet asoep. Djaba ti eta manggih oge bangsa beubeutian noe beunang didahar djeung tjai deui, herang pisan. Teu koerang-koerang nja soekoer ka Maha Agoeng doemeh geus didjait tina bahja maot, toeroeg-toeroeg dipaparin kadaharan sakadar ngoe-baran lapar. Awak ngarasa djagdjag deui tjara biasa.

Sanggeus peren dahar-leueut, toeloej koering indit deui, leumpang sakaparan-paran, teu poegoeh anoe didjoegdjoeg, estoe ngan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

noetoerkeun indoeng soekoe bae, da poegoeh taja boroĕun, teu boga teangeun, ngan soegan djeung soegan manggih lĕmboer atawa naon bae noe sakira pipanggiheun djeung djĕlĕma.

Lila-lila djol datang kana hidji tĕgal, djoekoetna ngemploh hedjo; di tĕngah-tĕngah eta tĕgal siga aja koeda keur njatoean.

Koe noe maos tangtoe kamanah, pi-akoemahaeun boengahna hate koering, sabab tjek pikir, ieu koeda tangtoe aja noe nganggonna, djadi tangtoe pisan ajeuna aing panggih djeung djĕlĕma. Padahal boa koeda boa naon, da poegoeh tatjan sidik, diĕnjana ge koeda, boa teuing koeda djarah, koeda leuweung euweuh noe bogaan; oelah[2] koeda djoerig, setan ngaroepakeun koeda. Tapi koe koering teu dipikir ka dinjana, ngan pikiran teh moal salah, koeda, djeung tangtoe aja djĕlĕma noe bogana. Koe sabab eta gantjang bae madjoe deui rek dideukeutan, panasaran hajang geura njidikkeun.

Ari geus deukeut pisan, tetela koeda, koeda bikang, aloes djeung gĕde deui. Djeung aneh bĕt lindeuk, disampeurkeun teh tonggoj bae njatoean; eta koeda ditjangtjang kana hidji patok. Toeloej koering roeroet-reret nĕmpoan soegan aja djĕlĕma atawa imah deukeut[2], tapi sakitoe gĕmĕtna teh wĕleh teu nendjo naon[2].

Sabot hoelang-hoelĕng mikiran eta koeda, koemaha pangajana di dinja, koering ngadenge gĕrĕndĕng[2] sada noe ngomong. Hantĕm diawas awas, wĕleh teu aja naon[2], tapi eta sora sada teu sabaraha djaoehna; lila[2] tina hantĕm didedengekeun, noe ngomong teh sada di djĕro taneuh. Mimiti ngarasa sieun, boeloe poendoek sisiakan, tina boga sangka djoerig eta noe ngomong teh, da sageuj djĕlĕma mah teu tembong djirimna, padahal eta sora tĕrang pisan kadengena.

Teu lila torodjol aja djĕlĕma bidjil tina goeha noe deukeut ka koering, — tadi mah teu disangka aja goeha lĕbah dinja sabab liangna kaboenian koe roejoek — manehna mĕntjrong bae bari leumpang ngadeukeutan; tadina koering rek loempat moen teu kaboeroe eta djĕlĕma ngomong mah.

Manehna nanja koemaha oesoel-asalna noe matak koering datang ka lĕbah dinja, koe koering toeloej ditjaritakeun ti mimitina nĕpi ka panggih djeung manehna di dinja, soemawonna hal katjilakaan lantaran kabodoan koe laoek noe disangka poelo tea mah, kabeh ditjaritakeun gĕmĕt pisan.

Eta djĕlĕma sĕmoena karoenjaeun pisan, toeloej koering diadjak asoep kana goeha.

Barang datang ka djĕro goeha tea, manahoreng aja deui batoerna keur darioek dina babangkoean, djeung aja damar deui noe njaangan salĕlĕwĕk eta. Koe noe barang mimiti panggih tea ditjaritakeun ka batoer-batoerna jen koering djĕlĕma sangsara, kitoe kitoe tjaritana, tjara tjarita koering ka manehna. Batoer-batoerna kararoenjaeun pisan, toeloej koering dibere barang dahar, saaja-aja disodorkeun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Sanggeus salse barang dahar, koering nganoehoenkeun ka priboemi, bari toeloej nanja koemaha sababna noe matak aja di dinja; djeung koe dina goeha deui, bět teu njarieun imah. Noe barang mimiti panggih teh ngawalon, pokna:

„Kaoela djeung batoer[2], abdi-abdina Kangdjěng Radja Mihras. Noe matak aja di dieu, ditimbalan ngangon koeda kagoenganana, sabab di dieu hade pisan pikeun pangangonan. Ieu tanah teh bawahan nagara Mihras keneh. Ti dieu ka nagara djaoeh pisan, toeroeg[2] djalanna oge roempil djeung totorobosan ka leuweung. Koe sabab eta oentoeng pisan andjeun bisa panggih djeung kaoela, sabab lamoen hěnteu, moal bisa manggihan djalan ka nagara, tangtoena ge maot bae langlajeuseun. Ari kaoela sarerea poě isoekan rek moelang ka nagara, andjeun leuwih hade miloe, ěngke koe kaoela dideuheuskeun ka Kangdjěng Radja, soepaja meunang pitoeloeng andjeunna."

„Noehoen pisan", djawab koering „arandjeun kěrsa njandak ka nagara, moegi[2] bae Goesti Maha Soetji ngarahmat ka andjeun sadajana, sabab kaoela mah taja pětana bisa malěs kana kasaean andjeun sadaja."

Isoekna soeboeh[2] keneh koering sarerea geus indit, koeda tea ditoengtoen koe saoerang, djalanna totorobosan ka noe bala; teu lila soep ka djěro leuweung gělěděgan.

Teu katjatoer lilana di djalan, kotjapkeun koering sabatoer-batoer geus datang bae ka dajeuh nagara Mihras. Barang něpi ka karaton, toeloej dideuheuskeun ka pajoeneun Kangdjěng Radja koe noe mawa koering tea.

Kangdjěng Radja mariksa ka noe anjar datang:

„Geus lila maneh datang?"

„Soemoehoen němbe dongkap pisan, kaoelan."

„Ari eta saha?" saoerna bari ningali ka koering.

„Soemoehoen dawoeh, ieu teh abdi těbih pisan, oerang nagara Bagdad; doepi wastana poen Sinbad."

„Oerang nagara Bagdad? Na di mana papanggih djeung maneh?"

Ti dinja toeloej koe eta djělěma dioendjoekkeun pondok bae, jen kapanggih di pangangonan.

Kangdjěng Radja mariksa ka koering:

„Tjoba maneh geura njarita ti mimitina, koemaha noe matak datang ka dinja, toer eta teh těmpat sěpi, da poegoeh di leuweung, djaoeh ka nagara."

Koering toeloej oendjoekan njaritakeun lalampahan ti sadjoeng ti lěmboer něpi ka harita di pajoeneun Kangdjěng Radja, ditetek taja noe kaliwat.

Barang andjeunna ngadangoe lalampahan koering kitoe, kawas katjida wělaseunana teh, toeloej sasaoeran kieu:

„Sinbad, ajeuna mah maneh oelah waka loenta ka mana-mana, samemeh aja kapal noe baris balajar ka nagara maneh mah;

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

tjitjing bae lanan di dieu, koe kami tangtoe dioeroes sapantésna."

„Oendjoek reboe-lakšā noehoen," tjek koering, „Dampal Goesti kérsa miwélas ka abdi Goesti kaoelanoen."

„Heueuh!" dawoehanana „Nja kitoe bae ajeuna mah, oelah waka-ka mana-mana."

Geus kitoe toeloej andjeunna njaoer hidji mantri, sarta nimbalan, soepaja koering dioeroes hade-hade.

Nja bener bageur Kangdjéng Radja Mihras teh, wélasan ka noe sangsara, népi ka kérsa ngarawatan koering hade[2], toerhale lain ka oerang nagarana. Ti harita koering tétép bae tjitjing di dinja, tara loenta ka mana mana; nja sok radjeun oge oelin ka palaboean, soegan aja kapal noe rek balajar ka Bagdad.

Meh saban poé koering disaoer koe Kangdjéng Radja, papariksa tina hal kaajaan nagara Bagdad, kajaning: hal pamarentahan nagara, hal kakértaan djeung karameanana, hal adat-tabe'at djélémana djeung rea-rea deui djaba ti eta.

Démi eta nagara Mihras teh pérnahna deukeut ka laoet; nagara géde, rame toer rarésik, djalan[2], imah[2] djeung toko[2] beres atoeranana, kitoe deui hawana hade katjida. Palaboeanana aloes djeung rame, kapal[2] dagang daratang ti mana mana.

Sanggeus rada lila koering aja di nagara eta, djadi loba sobat, bangsa soedagar[2] djeung menak[2], soemawonna djeung oerang karaton mah. Koe sabab eta koering djadi loba oge kanjaho tina hal kaajaan di nagara eta.

Djaba ti eta boga oge sobat noe palintér ti tanah Hindia; résép pisan koering tjatjampoeran djeung arandjeunna, sabab koe lantaran kitoe teh djadi matak nambahan kanjaho djeung pangarti anoe mangpaat ka diri.

Sabisa-bisa, koering milih sobat noe palintér djeung noe balageur; sagala djélémа goreng noe ahli nganteur napsoe, didjaoehan pisan, sabab tetela pisan moenggoehing djélémа teh koemaha tjampoérna; tjampoer djeung bangsat, miloe maling, sahénteuna tangtoe sailon; tjampoer djeung toekang-ngadoe, kabawakeun résép, moen tjampoer djeung djélémа latjoer, kabawa roetjah, teu sak deui. Nja kitoe deui lamoén tjatjampoeran djeung noe bageur, pintér bérboedi, tjindékna djeung djélémа hade, nja, sahénteuna, saeutik mah koedoe bae katepaan koe tabe'atna noe hade tea.

Karasa koe pribadi, bareto waktoe aja di lémboer, keur beunghar keneh, boga sobat bareuki kana inoeman kéras, koering sok diparaksa nginoem, lamoen nampik teh teu woedoe bae pada njeungseurikeun, pada ngera-ngera, didoesoen-doesoen, padjah teh teu akoer, tjénah, atoeh kapaksa, nja ngasaan; wét lain matak deudeuieun, da poegoeh teu ngeunah karasana, nja pait, nja palal djeung panas deui kana letah teh. Tapi tina mindéngna ngasaan, letah djadi rada wawoeh ka noe kitoe teh, make ngarasa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p

amis; rasa palal djeung panas tjara barang mimiti teh ajeuna mah wĕt haneut karasana, ngeunah kana beuteung teh, djeung make seungit deui. Toeloej rĕsĕp, beuki, ongkoh tjek babatoeran arak teh matak koeat badan tjĕnah, atoeh beuki ngahadjakeun bae, abong-abong bodo, padahal njaho jen noe kitoe teh matak mabok, parandene tĕroes bae dipadjoe, andjogna mah ngabadjoe, nĕpi ka djadi pamabokan, djadi tongtonan djĕlĕma loba, da sok ngatjambling tjara noe paloeng.

Tah kitoe watĕkna sobat teh!

Noe matak ajeuna mah geus meunang loeang saeutik-eutikeun, ati-ati pisan tjatjampoeran teh, hĕnteu djeung sing djĕlĕma.....

Dina hidji poĕ koering meunang bedja jen aja kapal kakara datang ti nagara sedjen, toeloej koering indit ka palaboean. Ari datang ka palaboean, koering reuwas djeung atoh, doemeh eta kapal teh tetela pisan kapal noe ditoempakan koe koering bareto tea; gantjang koering njewa sampan rek oĕnggah ka kapal, hajang nĕpoengan nangkodana.

Barang geus nĕpi, nangkoda oedjoeg-oedjoeg gabroeg bae ngarontok ka koering, doemeh disangka geus paeh titeuleum, karikari ajeuna koering hiroep keneh. Nja kitoe deui batoer-batoer djeung matros-matros ngaroeboeng djeung ngabarageakeun.

Lila pisan koering tjatjarita, njaritakeun lalampahan ti waktoe papisah djeung maranehanana nĕpi ka papanggih deui harita. Ti dinja pok nangkoda njarita:

„Sanggeus matros-matros djeung batoer-batoer andjeun aroenggah deui ka kapal, gantjang bae kaoela djait-djangkar beber-lajar tina salĕmpang sieun disantok eta laoek tea, tangtoena ge diteureuj djeung kapal-kapalna, toeroeg-toeroeg datang angin hade, tapi atjan nangenan jen andjeun tinggaleun. Barang geus djaoeh ti dinja, kakara kanjahoan jen andjeun euweuh di kapal, tapi taja harĕpan kana bisa noeloengan, sabab tjek sangkaan sarerea tangtoe andjeun geus maot titeuleum; atoeh teu bisa koemaha, nja tĕroes bae kaoela balajar ka sababaraha nagara nĕpi ka dieu. Barang-barang andjeun disimpĕn hade-hade, ingĕtan kaoela, lamoen geus datang ka Bagdad rek dipasrahkeun ka ahli-waris andjeun. Tapi ajeuna estoe teu disangka-sangka, bĕt papanggih djeung andjeun pisan noe geus ditaksir maot, atoeh nja leuwih noehoen, kaoela djeung sarerea noe aja di kapal moedji soekoer ka Goesti Allah noe geus maparin pitoeloeng ka andjeun, ngadjait tina bahja maot."

„Sawangsoelna koering reboe-reboe noehoen kana kasaean andjeun sadajana", tjek koering „sarĕng moedji soekoer ka Noe Maha Kawasa, reh oerang ditĕpangkeun deui sarĕng salamĕtna."

Ti dinja gĕr pada saroeka-soeka dahar-leueut njalamĕtkeun koering.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Sanggeus peren, toeloej nangkoda masrahkeun barang-barang koering katoet doeitna, gĕmblĕng keneh, teu tjotjeng saeutik-eutik atjan.

Katjida bageurna eta nangkoda teh, teu daek gasab kana noe lain hakna, toeroeg-toeroeg koering ngahatoerkeun tambangan kapal oge wĕleh teu daekeun narima.

Kabĕnĕran harita aja deui kapal sedjen noe rek tĕroes balajar ka Bagdad. Gantjang koering nĕpoengan nangkodana, badami rek nitipkeun barang-barang dagangan kirimkeuneun ka baraja koering di Bagdad, soepaja koe maranehna didagangkeun di Bagdad, da ari koering mah tatjan niat moelang, hajang noeloejkeun lalampahan, dagang ka nagara[2] sedjen. Sanggeus beres pasini, koering balik deui ka kapal noe ti heula.

Koering njarita ka nangkoda jen rek miloe deui lalajaran ka nagara[2] noe djaraoeh. Nangkoda sĕmoena boengaheun pisan, walonna:

„Bĕnĕr koedoe kitoe, batan kapok anggoer koedoe beuki gawok."

„Tapi koering nĕda paidin bade ngadeuheusan heula ka Kangdjĕng Radja, sĕdja pamitan."

„Taja halangan." tjek nangkoda. Geus kitoe toeloej koering toeroen ti kapal, handjat ka darat, leumpang ngadjoegdjoeg ka karaton bari mawa barang[2] noe araloes pikeun babakti.

Gantjangna bae geus kawidian koe Kangdjĕng Radja sarta dipaparin arta pirang[2].

Sanggeus nganoehoenkeun kana pangasihna, koering indit deui nĕpoengan sobat-sobat, minangka amitan.

Geus beak kapĕrloean, ka Kangdjĕng Radja geus oendjoekan, sobat[2] geus ditĕpoengan, toeloej balik deui ka kapal.

Isoekna kapal balajar ka loear ti palaboean nagara Mihras; koering amplang-amplangan deui di tĕngah laoetan.....

V.

Galoedra.

Ajeuna koering geus aja deui di tĕngah laoet, dina kapal noe ditoempakan bareto tea; ti waktoe indit ti palaboean Mihras, salamĕt teu aja sakara-kara, tina meunang angin hade, ladjoena kapal gantjang pisan, teu aja halangan haroengan.

Koering djeung batoer[2] pada baroengah ati lantaran taja pikasalĕmpangeun, aja noe ngawangkong, aja noe ngahariring djeung djaba ti eta sakarĕsĕpna-sakarĕsĕpna.

Sadjĕroning soeka[2] teh koering ingĕt bae ka noe ĕnggeus[2], bareto basa indit ti palaboean Basrah, nja kitoe pisan sarerea pada saroeka boengah, tapi toengtoengna koering meunang balai gĕde pisan, meh nĕpi ka adjal. Koering nanja maneh dina hate: „Koemaha ari ajeuna, baris njorang balai deui, kitoe?"

Bareto, noe matak nĕpi ka kĕkĕlĕbĕkan di tĕngah laoet teh, lantaran handjat kana tonggong laoek noe disarangka poelo. Tapi sageuj soegan ajeuna mah nĕpi ka kitoe deui; moegi[2] bae Goesti Allah maparinan salamĕt salalawasna.

Dina hidji poĕ, isoek-isoek keneh, kapal noe ditoempakan koe koering teh nĕpi ka hidji poelo; tetela poelo, lain laoek deui, sabab ti kadjaoehan keneh oge geus katembong kakaianana tingdjaroemploek, ngan doeka poelo ditjitjingan djĕlĕma, doeka kosong.

Lantaran di kapal harita kabĕnĕran geus koerang tjai inoemeun, gantjang bae nangkoda miwarang matros-matros handjat ka dinja baris ngala tjai; noe sedjen oge kaidinan harandjat ngadon pĕlĕsiran.

Koering mandĕg-majong bae rek miloe ka darat teh, sieun tjara noe ĕnggeus, tapi dipikir deui, pirakoe soegan nĕpi ka tinggaleun deui mah, djeung soegan bae aja papanggihan noe aneh geusan nambahan kanjaho.

Tidinja mah teu talangke deui, gantjang bae miloe djeung batoer-batoer kana sampan rek handjat ka darat. Barang datang, toeloej taroeroen tina sampan.

Basisirna eta poelo teh keusik lĕmboet djeung deukeut pisan ka daratna pinoeh koe tjangkang kĕrang, tjangkang soesoeh djeung roepa-roepa tjangkang sato laoet noe sedjen. Di dinja loba pisan kajakas pating tĕrĕlĕng laloempatan moro kahakananana noe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

kaseblokkeun koe lambak ka basisir. Djaba ti eta pirang-pirang oemang patingkarajap. Dina karang-karang noe lalĕgok, tjai laoet njalangkroeng; di noe kitoe loba pisan laoek-laoek lalĕmboet djeung pirang-pirang sato tjai warna-warna. Ti antara eta sato-sato aja hidji noe aneh, ngaranna ĕmpot; sabehan mah teu siga sato, siga kĕmbang ros beukah bae, roepana aja noe bodas aja noe hedjo. Tapi lamoen tĕngah-tĕngahna ditjolok koe rokrak, gantjang bae moeroengkoet, tjara soengoet dibalĕmkeun, ngĕnjot kana panjolok tarik pisan. Ngadjaran njokot hidji noe keur beukah, tapi wĕleh teu beunang. Sihoreng eta noe tembong teh soengoetna woengkoel, njoeriti; ari awakna mah teu tembong dina liang karang, njĕpot pageuh pisan. Gawena kitoe bae, nembongkeun soengoet tina liangna, di mana aja kahakananana ngaliwat kana soengoetna, geuwat dikĕmot.

Djaba ti eta loba deui sato-sato sedjen noe araneh, aja noe siga paria, aja noe siga bonteng, noe siga dangdaoenan, noe siga kĕkĕmbangan, kabeh roepa-roepa pĕtana njiar kahakanan.

Rada beh djaoeh meueusan, tilil pirang-pirang titirilikan ngoedag-ngoedag kahakananana.

Sanggeus sareubeuh nendjoan sato-sato noe aja di basisir, toeloej sarerea ka darat, aja noe ngala kĕmbang, aja noe tatanggahan bae nĕmpoan manoek-manoek, aja noe ngala boeboeahan noe aramis djeung salian ti eta sakarĕsĕpna-sakarĕsĕpna.

Ari koering panasaran hajang tĕrang kabeh-djĕrona, toeloej madjoe ka darat pisan, mĕntjil ti babatoeran, asoep rada kabeh-tĕngah.

Eta poelo ka tĕngahna mah leuweung rĕmbĕt pisan, pinoeh koe kakajan noe galĕde, mani geus djaranggotan, di handapeunana kĕkĕmbangan araloes djeung sareungit. Teu koengsi lila djol koering ka sisi waloengan leutik, tjaina ngagĕnjas herang tjara perak bae. Gek koering dioek handapeun kai ioeh sisi tjai bari barang dahar kadaharan bawa ti kapal, ditabeuhan koe oengkoet-oengkoet patembalan disada dina loehoereun, hioer angin ngahiliwir mawa seungitna kĕkĕmbangan, ni'mat pisan.

Poĕ panas mĕntrang-mĕntring, langit lenglang teu aja pangaling-ngaling; dioek njarande kana kai sakitoe ioehna, ditioep koe angin sakitoe tiisna, aambeuan sakitoe seungitna, toeroeg-toeroeg dedengean sakitoe matak waasna, sora manoek roepa-roepa; djeung seubeuh barang dahar deui, ngan lĕnggoet bae noendoetan, teu lila kĕr bae hees, teu ingĕt di naon-naon . . . .

Noe maraos ieu tjarios kantĕnan sami ngama'loem, sakoemaha reuwasna waktoe lilir, batoer-batoer geus teu araja. Koering goegoep pisan, dĕrĕngdĕng loempat ka basisir; ningal ka laoet, kapal oge geus teu aja. Tarangtang-tiringting loeloempatan ka ditoe-ka dieu bari hantĕm ngawas-ngawas ka laoet djeung ka darat, tapi wĕleh teu ningal naon-naon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Beu, tetela, batoer-batoer naringgalkeun! Tina bangĕt bingoeng, teu tĕrang koemaha nja pipĕtaeun, toengtoengna hioeng bae tjeurik, geus poho di kakolotan.

Naha aja milik diri goreng-goreng teuing, dasar koedoe njorang sangsara, aja-aja bae pilantaraneun teh, hajoh molor, nĕpi ka tinggaleun di poelo kosong, ieu mah mitjeun maneh bae badis.

Tina geus boentoe akal, toengtoengna leuleus, brĕk bae dina keusik, olohok teu poegoeh noe dideuleu. Sadjĕroning hoelang-hoelĕng teh koering bari mikir-mikir pilampaheun, ka mana nja los. Toengtoengna mah pasrah bae, koemaha kadar Allah bari teu pĕgat nĕnĕda, moega-moega Andjeunna maparin pitoeloeng, ngadjaoehkeun tina sagala balai, enggal ngadjait tina kasang-saraan.

Geus kitoe djoeng koering indit, leumpang sakaparan-paran, teu poegoeh anoe didjoegdjoeg, estoe noetoerkeun indoeng soekoe bae. Mimiti mapaj[2] basisir, ti dinja toeloej madjoe ka daratna pisan.

Barang geus rada lila koering nja leumpang, ti kadjaoehan ningal noe bodas bodas di hareupeun. Tina panasaran hajang njidikkeun naon boektina, toeloej madjoe ngadjoegdjoeg noe bodas tea.

Ari geus deukeut pisan, eta noe bodas teh bangoenna boeleud tjara ĕndog ngan gĕde, aja sagĕde moending mah. Toeloej disampeurkeun, pek ditjabak, bĕt lesang mani tjara katja bae.

Koe koering dikoerilingan soegan aja lawangna, tapi meunang sababaraha koeriling teh, wĕleh teu manggih lawang atawa liangna saeutik-eutik atjan. Ti dinja njoba[2] rek ditaekan, soegan lawangna ti loehoer; ah, teu bisa, da lesangna pohara, sorosod deui, sorosod deui.

Harita geus boerit pisan, malah geus reupreupan. Koering niat teh mondok di dinja bae, deukeut noe bodas tea, da geus poĕk, oeprak-aproek sieun koemaonam, toeloej njarande kana noe bodas teh bari teu eureun mikiran, naha naon eta teh.

Angin ngagĕlĕboeg tiris pisan, sora lambak njeblokan karang kadengena tingsaleor-tingdjalĕgoer; bangĕt koering nja prihatin, nalangsa, ras ka diri, nĕpi ka teu njaho aja di mana.

Keur kitoe, koering kaget djeung reuwas, doemeh ngadenge noe ngagoeroeh di awang-awang, sarta teu koengsi lila katembong aja noe ngawingwing di langit siga[2] mega, tapi kawas beuki handap djeung madjoe gantjang pisan, djeung asa beuki deukeut bae.

Hantĕm koe koering diawas-awas, tetela njampeurkeun sarta teu koengsi lila bĕt toeroen kana lĕmah, sorana ngagoebrag tjara nanahaon bae, mani eundeur. Sihoreng teh manoek, gĕdena kabina-bina, hoeloena ge aja sagĕde hoenjoer mah, alagag-eu-leugeug njampeurkeun ka koering.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Kareuwas djeung kasieun waktoe harita geus teu bisa njaritakeun deui anging Allah anoe oeninga; ngadegdeg sakoedjoer badan, soekoe njorodtjod, gado noroktok, rek njingkah[2] ka mana, toeloej bae morongkol, awak dirapĕtkeun ka noe bodas tea.

Tetela eta manoek gĕde teh njampeurkeun, nĕpi ka toengtoengna mah ramona ge meh adĕk kana awak koering.

Mana horeng, eta noe bodas teh ĕndogna; harita tajohna rek disileungleuman.

Atoeh ana roep teh eta ĕndog disirĕkĕman, koering ge miloe bae kasileungleuman, teu bisa walakaja, pangatjian mah wallahoea'lam ka mana losna.

Barang geus djĕdjĕg ingĕtan, ret ningal soekoena, wo, pohara, sagĕde tangkal kalapa teh estoe lain bobohongan. Moen katintjak, mokaha bae, medjrel. Teu koengsi lila kadenge aja noe gogorobasan, soegan teh naon mah, sihoreng eta manoek teh njaliksik, memeres boeloena.

Ajeuna aja deui noe leuwih matak sieun, koetoena rapot, sagĕde-gĕde beurit, hadena bae euweuh noe njampeurkeun.

Koering kaget dina hate, koe kagĕdeanana eta manoek, gĕde ka koetoe-koetoena.

Moal salah, nja ieu taksiran noe disĕboet „manoek galoedra" teh.

VI.

Lĕbak intĕn djeung oraj.

Sapeuting eta koering teu sare sakĕrĕdjĕp, woengkoel bingoeng mikiran pipĕtaeun; djol aja pikir rek nalian maneh kana soekoena eta manoek, soegan djeung soegan heg kabawa hibĕr ka poelo sedjen noe ditjitjingan koe manoesa.

Eta niat teu diĕngkekeun deui, gantjang bae dilampahkeun, nalian maneh koe beubeur kana soekoe galoedra tea. Teu dipikir kitoe-kieuna diahirna mah, geus koemaha kĕrsa Allah ta'ala bae; tjindĕkna pasrah soemĕrah bae kana kadar diri bari teu pĕgat moemoentang ka noe ngadamĕl pati-hoerip, njoehoenkeun pitoeloeng Maha Kawasa, moegi-moegi ngadjait tina balai.

Koe sabab, eta, pikir gilig djadi hidji, niat miloe hibĕr ka awang-awang. . . . . .

Isoekna waktoe panonpoĕ kakara bidjil, galoedra teh hibĕr ka awang-awang, koering katoet kabawa.

Barang bĕlĕsat mah ka loehoer, koering ngalĕnjap, reuwas teu kira-kira, hate ngagĕtĕr, ratoeg tjara noe toetoenggoelan bae.

Sanggeus eta manoek rada loehoer hibĕrna, koering nĕmpo ka handap, katjida lĕwangna teh, mani teu poegoeh rarasaan, hate patingseredet, tina kakara saoemoer hiroep ngapoeng sakitoe loehoerna.

Eta manoek gantjang pisan hibĕrna, angin njĕbrot mani meh teu bisa beunta djeung katjida tirisna teh. Beuki lila beuki loehoer bae; ari geus loehoer pisan koering ningal ka handap, bĕt kitoe geuning djagat teh katembongna ti awang-awang mah, siga kĕwoeng tjara piring kĕroeng noe nangkarak.

Koering ngarasa tiris noe teu aja babandinganana, sapandjang aja di doenja wĕt kakara ngarasa tiris tjara kitoe, mani asa teu toelangan.

Salah ti sangkaan, sabab tjek sangkaan mah beuki loehoer tangtoe beuki panas, da ngadeukeutan panonpoĕ, tapi ari boektina beuki loehoer teh bĕt beuki tiis. Kawasna lamoen lila-lila mah koering paeh bawaning koe tiris. Ngan hadena galoedra teh hibĕrna ngahandapan; tapi, na ana seot teh njirorot, tarikna kabina-bina, nĕpi ka koering peureum awahing koe paoer.

PNRI

Teu lila goedjrag galoedra nintjak lĕmah, gantjang koering ngalaan beubeur noe dipake njangtjang maneh tea; harita saĕnjana mah koering ngarasa lĕsoe djeung lieur kabina-bina, leuleus meh teu aja tanaga, tina baloeas keneh, tapi nangankeun maneh bae ngarandang toeroen tina soekoe galoedra, toeloej njalingkĕr kana batoe gĕde noe deukeut ka dinja, sieun katintjak.

Eta galoedra teh koe koering katingal matjok hidji oraj gĕde kabina-bina, sarta toeloej dibawa hibĕr deui ka awang-awang.

Sanggeus galoedra tea teu katingal, kakara koering wani ngaringkang, toeloej rarat-reret ka noe deukeut, ka noe djaoeh. Manahoreng eta teh hidji lĕbak anoe sakoerilingna ditambak koe goenoeng batoe woengkoel, gawirna loehoer teu kira-kira toer goerawes, taja pĕtana beunang ditaekan.

Koering geus teu bisa njaritakeun deui hal kasoesah djeung kabingoeng. Satadina pangmiloe hibĕr ka galoedra teh nja eta soegan-soegan kabawa ka tĕmpat noe matak salamĕt, ari ajeuna wĕt dibawa ka noe batan sakieu, koe sare'at mah kawas leuwih matak sangsara batan di poelo kosong noe ditinggalkeun tea, sabab tangtoe moal manggih tĕdaeun, da noe katingal teh ngan djoekoet bae djeung batoe galĕde, toeroeg-toeroeg taja pĕtana bisa ka loear ti dinja, tina sakoerilingna dipagĕr koe goenoeng batoe noe sakitoe goerawesna, nĕpi ka tjara bilik, moestahil beunang dioenggahan.

Ĕmh, ajeuna mah beak harĕpan, ka loear moal bisa, dahareun teu aja, ngan kari paeh bae. Koering boga rasa geus deukeut kana adjal, ras ingĕt ka indoeng-bapa noe geus tilar doenja, ka lĕmboer sorangan djeung kana sagala lampah noe ka toekang-toekang, toengtoengna sĕgroek bae koering tjeurik njĕri kabina-bina, boga rasa bakal paeh di tĕmpat noe sakitoe wĕritna.

Nja ajeuna panoengtoengan!

Nja ajeuna panoengtoengan ningal boemi-langit teh, kitoe? Ĕmh, badan, nja di dieu maneh bakal papisah djeung njawa teh. . . . . .

Tapi, lamoen ngingĕtkeun ka noe ĕnggeus-ĕngeus, jen adjal teh teu beunang dikira-kira, tjara bareto waktoe kĕkĕlĕbĕkan di laoet tea, kapan geus teu ngarĕpkeun kana salamĕt, tapi geuning wĕt salamĕt, bisa hiroep nĕpi ka kiwari. Teu matak naon ajeuna oge lamoen Goesti Allah maparin pitoeloeng, ngadjait tina balai, noedoehkeun kana djalan kasalamĕtan.

Plong hate teh, teu pati soempĕg teuing, awak oge ngadak-ngadak ngarasa djagdjag, titingalan asa bengras, teu baloewĕng teuing tjara tadi.

Sadjĕroning hoelang hoelĕng teh koering ngawas-ngawas kana batoe-batoe djeung keusik anoe didioekan, sihoreng intĕn woengkoel djeung roepa-roepa pĕrmata anoe araloes. Toeloej koering

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

loentang-lantoeng ningalan batoer-batoer noe sedjen, bĕt meh sakoeliahna bae pinoeh koe intĕn noe araloes kabina-bina djeung galĕde deui.

Koering geus ngadenge oge tjarita ti matros-matros waktoe aja di kapal, jen aja hidji lĕbak noe pinoeh koe intĕn, tapi teu bisa didatangan koe manoesa tina gĕde bahjana toer djalanna hese teu kira-kira.

Kawasna moal salah, nja ieu boektina teh.

Koering katjida rĕsĕpna ningal intĕn bĕrlian sakitoe haroeroeng mantjoerna, soemawonna ngingĕtkeun kana pihargaeunana. Gantjang koering ngoempoelkeun intĕn noe galĕde toer araloes; lokar daek njokotan mah.

Barang geus loba, pinoeh sakoe pinoeh naon, ka tjalana-tjalana didĕdĕl koe intĕn, djaba noe digoendoek-goendoekkeun sababaraha goendoek,—djoeng nangtoeng bari alak-ilik, rek indit, njeh bae koering seuri sorangan, wĕt asa noe boeroeng, kakas-kĕkĕs bĕbĕrĕngkĕs teu poegoeh, rek ka mana? Pangraos teh tjaket ka boemi koe andjeun. Tampi raos koe polah sorangan, asa sosorohot nakĕr kana doenja teh. Toengtoengna mah boeroesoet deui bae dioedoelkeun tina sakoe djeung tina gandongan, da poegoeh keur nanahaon dikeukeuweuk oge, taja gawena di dieu mah, didahar teu beunang, manasina di nagara, noe kitoe teh matak djadi kamoeljaan! Di dieu mah intĕn djeung koral teh saroea bae taja pangadjina.

Ti dinja toeloej leuleumpangan deui, tĕmpa-tĕmpo ngoerilingan batoe-batoe noe galĕde; pohara galĕdena teh, ngadjalĕgir sagĕde-gĕde imah, aja noe sagĕde leuit, sagĕde moending tingdjoengkiring.

Koering kaget djeung reuwas teu kira-kira, doemeh dina liang-liang batoe galĕde tea loba pisan oraj pating rarengkol, galĕde teu kira-kira; tina kagĕdeanana gadjah bae mah kawasna diteureuj boeleud.

Eta oraj-oraj teh tjaritjing bae dina liangna nja eta dina goeha-goeha batoe, doeka harees, doeka koemaha, da teu aroesik-oesik atjan.

Noe ngaraos ieu tjarios tangtos ngama'loem, pisakoemahaeun koering nja soesah waktoe panonpoë geus soeroep. Geus teu bisa njaritakeun rasa hate waktoe harita, anging Allah anoe oeninga; ka mana nja njingkah ka mana nja njoempoet, bingoeng di mana nja tjitjing, lantaran oenggal liang dina batoe-batoe tea dieusi oraj sakitoe galĕdena.

Kabĕnĕran bae barang reup poĕk, koering geus manggih hidji goeha leutik dina djĕro batoe. Eta goeha sĕdĕng pisan dieusian koe sorangan teh, toemaninah, toeroeg-toeroeg deukeut lawangna aja batoe meudjeuhna keur noetoepan liang goeha minangka pantona.

Koering soedjoed soekoer ka Pangeran, doemeh geus dipaparin pamondokan sakitoe tohagana.

Di loear, boelan ngébrak tjara tibeurang bae, tjahajana asoep ka djéro goeha tina séla-séla batoe pipinding, ti dinja koering bisa awas ka loear.

Teu koengsi lila ngadenge noe séségor di loear sada koeda, djeung tinggédébroeg tingsaleor kawas moending diadoe bae, tinggoeroedoeg. Panasaran hajang térang boektina, toeloej noong tina séla-séla batoe, pipinding goeha . . . . . Masja Allah, oraj, teu kira-kira lobana, noe géde noe leutik, polahna roepa-roepa: aja noe sili oedag, aja noe ngabanting-banting boentoet hoeloena eueuleungeungan bari kakak-kokok tarik pisan. Sawareh aja noe pépélengkoengan bae bari hoeloena goegag-gigeug, soengoetna tjalawak, hoentoena pasalit harerang pating borelak siga pédang katodjo boelan.

Sadjéroning koering ngawas-ngawas teh, awak mah moenggah panas-tiris, kesang ngorolok djeng kékétégan, boeloe poendoek tingsariak bawaning koe gila ningal roepana djeung ngadenge sorana. Oepadi ana geus aja goeloesoer-goeloesoer deukeut lawang goeha, mani asa geus lég bae diteureuj boeleud.

Sapeuting djépoet teu sare sakérédjép, tina sieun djeung soesah toeroeg-toeroeg beuteung lapar, angén panas djeung teu repeh disada gérak-géroek menta pigaweeun.

Barang geus balebat, oraj teh loes-lés noengtoet arasoep kana liangna, sorana tinggoeloesoer sada noe ngagoesoeran tjatang kai géde bae. Teu lila braj beurang; koering roemégag rek bidjil teh, sieun aja keneh oraj di loear, tapi lahlahan bae ka loear, kabénéran geus teu aja oraj sagéde tjoeroek-tjoeroek atjan.

Koering kaget dina hate, naon sababna noe matak eta oraj-oraj teu aja noe koemélendang ti beurang. Taksiran bae, tibeurang mah sarieuneun koe moesoehna, galoedra tea.

Ti dinja toeloej koering leuleumpangan deui, teu poegoeh noe diteangan, sakaparan-paran bae, sarta teu lila djol ka noe rada lempar teu taringgoel teuing, gek koering dioek, ngadjogo bari nangkeup toeoer, toengkoel mélengoek mikiran kadar diri, na mana taja teuing anggeusna, ganti-ganti bae kasoesah teh. Koering nanja maneh dina hate, naha pibisaeun deui kitoe, nintjak lémah tjai sorangan?

Émh, kawas taja pétana, koerang-koerang hade koelintjiran mah.

Koering ngadjérit dina ati, njoehoenkeun didjait tina kasang-saraan. . . . . .

VII.

Manoek Radjawali.

Tjipanon moeroeboet, teu kaampeuh tina bangĕt nalangsa, nja lapar nja toendoeh, andjogna mah lĕnggoet bae noendoetan. Ingĕt-ingĕt soteh aja noe ngagĕboet ka hareupeun pisan: koering ngĕdjat mani meh tidjĕngkang. Hadoeh, reuwas, moenggah ngalĕlĕpĕr, soekoe njorodtjod, panon olohok ngawas-ngawas noe ngagĕboet tea di hareupeun, nambroe, roepana beureum. Hantĕm ditĕgĕs-tĕgĕs bari dideukeutan, bĕt daging, doeka daging naon, djeung kawas anjar keneh malah gĕtihan keneh.

Teu kaharti, na ti mana datangna. Keur kitoe, oedjoeg-oedjoeg gĕboet deui bae ka toekangeun, daging deui bae tjara noe tadi malah leuwih gĕde, mani ngaboegigag.

„Nja aneh!" tjek koering ngomong sorangan, angĕn-mah-ratoeg, poendoek asa ngadoengkoek, wĕt sieun toengtoengna teh. Teu koengsi lila bloegblĕg deui daging tjara kitoe, bĕt ti awang-awang djolna teh, sarta toengtoengna mah nĕpi ka moeroeboet noe gĕde noe leutik.

Doemadakan harita keneh bĕt ras bae koering ingĕt kana tjarita matros tea tina hal Lĕbak intĕn, aja toeloejna, kieu:

„Eta Lĕbak intĕn teh sok didatangan koe manoek[2] noe galĕde, babakoena manoek radjawali, sabab di dinja loba pisan kahakananana, nja eta oraj. Koe sabab eta djĕlĕma mah geus taja pĕtana bae bisa datang ka lĕbah dinja, tina sakitoe wĕrĕtna, keur bangga djalanna teh loba oraj maratih, galĕde deui, noe tangtoe pisan matak tjilaka.

Tapi koe lantaran di dinja teh loba pĕrmata noe araloes, sakoer djalma noe njaho di lĕbah-lĕbahna mah teu wĕlĕh mikir, njiar akal tarekah geusan njokot eta doenja-barana, sarta laoen[2] maranggih oge akal, nja eta ngaloeng-ngaloengkeun daging tina poentjak goenoeng sakira pitĕpieun ka lĕbah dinja. Dĕmi ngaloengkeunana make saroepa parabot.

Oepama eta daging[2]na tea kapanggih koe manoek radjawali, tangtoe dipatjok dibawa hibĕr kana sajangna, keur maraban anakna. Koe noe ngaloengkeun tea dibaroro kana sajangna, digĕbah, noe dipalar, manoekna njingkah dagingna ditinggalkeun, toeloej ditjokot diarilikan, soegan-soegan aja intĕn.a noe napĕl kana eupan (daging)."

PNRI 6p

Tah, kitoe tjaritana teh.

Ana dipikir-pikir, kawas moal salah eta tjarita teh, boekti loba noe njata, kaja intèn, oraj, ènja loba, djalanna hese, bènèr, atoeh daging eupan, tetela kapan ieu boektina; ngan manoek radjawalina noe tjan aja teh. Koe sabab kitoe, gantjang koering ngalaan beubeur, sabab boga ingètan rek nalikeun maneh kana daging tea, soegan-soegan kabawa koe manoek radjawali kana sajangna. Toeloej nalian maneh ditjangtjangkeun kana daging noe panggèdena, roebak, geus kitoe pek njoeoeh, noeroeban maneh koe daging tea, boeni. Ngahephep bae teu oesak-oesik, sieun kaboeroe datang manoek radjawali tea, hanjir-hanjir ge wajahna, da hajang kabawa. Tapi sakitoe geus lilana teh, manoek mah tatjan djol keneh bae. Barang geus kèsèl nindihan maneh koe daging, teu oesik malik deui, ras ingèt jen atjan njakoèan intèn. Gantjang bae milihan intèn noe galède djeung araloes, sakoe didjèdjèl moenggah mètiktrik. Handjakal manoek radjawali teh kaboeroe daratang manten, atoeh geuwat bae ngaringkoek deui ngahephep nindihan maneh koe daging tea.

Eta, manoek radjawali teh loba pisan, pating euleungeung, sagède gède koeda; daging-daging teh diranggeuman toeloej di barawa hibèr; sawareh aja noe dihakan di dinja bae.

Teu koengsi lila djolag-djolag manoek radjawali noe panggèdena njampeurkeun daging noe ditjangtjangkeun kana tjangkeng koering tea, beak nja reuwas, sieun dihakan di dinja . . . . . ana giwiwing teh disambèr dibawa hibèr, koering goegoelawingan di awang-awang.

Lamoen harita aja noe ningali, moal teu seuri ningal koering antoeng-antoengan, roroèsan siga kirik didjingdjing. Tapi moenggoeh noe ngalampahan mah tjara koering, reuwas djeung risi noe aja, bolampar rèsèp, tina hariwang, paoer sieun ragrag.

Koering teu tèrang dibawa ka mana, rek ka mana, ngaliwat naon, sabab ti barang bèlèsat oge ka awang-awang peureum bae, paoer djeung lèwang. Beunta beunta soteh geus karasa ditinggangkeun kana sajangna, hadena bae hipoe. Ari sajangna teh dina poentjoek goenoeng batoe noe loehoer teu kira-kira.

Gila ningal anakna, doea sagède-gède domba tjan boeloean, soengoetna tjalawak datang indoengna teh. Sanalika eta keneh ngan gèr bae aja noe soerak ajeuh-ajeuhan bari narakolan kohkol, ratok, djeung tatabeuhan lian ti eta mani teu poegoeh dengekeuneunana, moenggah ngagoeroeh.

Radjawali teh tjoelang-tjileung bangoen reuwaseun, gèlèbèr bae hibèr deui ninggalkeun anakna djeung daging tea katoet koering.

Koering sanggeus ngalaan tjangreud beubeur oeroet nalikeun maneh kana daging tea, njèlègon bae ngararasakeun awak njaréri. Teu koengsi lila aja noe keresek-keresek sada noe njam-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

peurkeun ngadeukeutan sajang manoek noe ditjitjingan koe koering, sarta ..... pĕtjĕnghoel teh hoeloe djĕlĕma nĕmpo sajang; atoeh ana ret teh ka koering, manehna bĕngong bari moeringis, koering olohok, pahoelĕng-hoelĕng sili pĕlong, saroea pada kaget djeung reuwas.

Dĕmi eta djĕlĕma teh noe ngaloeng-ngaloengkeun daging ka lĕbak intĕn tea; harita sanggeus ngagĕbah radjawali, karĕpna rek neang eupanna, soegan aja intĕnna noe narapĕl.

Watara sadjongdjongan mah pahĕnĕng-hĕnĕng bae, itoe ieu taja noe lemek.

Ari geus kitoe, ngan polotot bae eta djĕlĕma teh moentjĕrĕng kawas noe rek ngarĕnges bae, bari ngomong bĕngis djeung toe-toendjoek, pokna:

„Bangsat! Toeroen sia! Ajeuna kakara aing ngarti, naon sababna aing tara beubeunangan da sia bangsatna. Lamoen sia teu rek maling intĕn aing, naon pĕrloena sia aja di dinja? Hajoh toeroen, setan! Moen teu boeroe-boeroe toeroen, tangtoe koe aing digĕboeg nĕpi ka modar! Kadenge, hah?"

Koering teu boeroe boeroe ngadjawab, geugeumeueun nendjo noe ngambĕk pohara kitoe, beungeutna beureum, panon boentjĕlik, toetoendjoek bari bĕbĕnger.

„Naha sia ngadjĕdog bae? Hajang modar di dinja sia teh bangsat, hah?" tjek noe ngambĕk teh bari ngoelang-ngoelang pĕpĕntoeng.

„Koering sanes bangsat." djawab koering.

„Hah, lain bangsat? Euh, heueuh, badog sia teh, rek ngagoeboeg intĕn beunang aing bobolokot kesang lain?"

„Jaktos, sanes bangsat sanes badog; noe mawi aja di dieu."

„Montong loba omong, da moal diandĕl masing oekal-ekol oge, sabab ....."

„Sanes bade ekol, koering bade njarita noe sajaktosna."

„Heg, tapi sia oelah ngomong bohong, lamoen ngabohong ..., ka mana ieu habĕkna?" tjek noe ngambĕk teh bari ngamang[2] paneunggeul.

Ti dinja dĕrĕkdĕk koering njaritakeun lalampahan ti mimiti indit ti palaboean Mihras nĕpi ka waktoe harita, njĕlĕgon dina sajang radjawali; ditetek teu aja noe kalaroeng sapĕrti dibawa koe galoedra ka Lĕbak intĕn, djeung dibawa koe radjawali ka dinja.

„Djadi andjeun teh oerang nagara Mihras?" tjenah, bari boedi manis ngomongna, sareh ajeuna mah.

„Ari awitna mah koering teh ti nagara Bagdag;" tjek koering „di nagara Mihras mah ngoembara bae teu atjan lami."

„Atoeh oerang Bagdad andjeun teh, nja?"

„Soemoehoen."

„Saha djĕnĕngan andjeun teh?"

„Sinbad." djawab koering.

„Hajoe atoeh oerang manggihan batoer-batoer, meureun geus kĕsĕleun ngadaragoan."

Toeloej koering toeroen tina sajang manoek, dikaleng koe manehna, kitoe ge seuseut bisa ngalengkah, sabab awak ngarasa njarĕri djeung rieut, toeroeg-toeroeg geus kadoea poĕ eta teu barang dahar lian ti djoedjoĕkoetan djeung dangdaoenan.

Barang datang ka lĕbak, gok djeung batoer-batoerna, sarta toeloej koe noe barang mimiti panggih-teh ditjaritakeun ka batoer-batoerna, jen koering djalma sangsara.

Kabeh batoer-batoerna sĕmoena kararoenjaeun pisan ka koering, toeloej koering dibarawa ka pamondokanana.

Sadatang-datang ka pamondokanana, prak koering disoegoehan dahar leueut, bari tjatjarita.

Peutingna, koering dirioeng koe sarerea noe aja di dinja, ditanggap tjarita lalampahan koering ti indit ti lĕmboer nĕpi ka harita. Djeung koe koering ditembongkeun-intĕn[2] bawa ti Lĕbak intĕn teh. Maranehanana katjida karageteunana, nendjo intĕn sakitoe lobana djeung galĕde toer sakitoe araloesna.

„Sadĕmoer hiroep, ngan kakara ajeuna kaoela ningal intĕn sakitoe galĕdena djeung araloesna." omong noe barang mimiti panggih teh.

„Saestoena, kaoela oge kakara ajeuna pisan." tjek batoer-batoerna mani raong.

„Di ditoe, dina-ĕnggonna, keusikna meh kabeh intĕn djeung permata[2] bae. Gĕdena djeung aloesna oge loba noe saloehoereun ieu." tjek koering bari nembongkeun intĕn noe pangaloesna.

Sarerea sakoer noe aja di dinja garogodĕg bae tina hebat koe tjarita koering hal eta lĕbak djeung intĕnna.

„Eta andjeun," tjek noe saoerang, „kagoengan intĕn sakitoe lobana toer araloes, geus taja noe bisa ngira sabaraha pihargaeunana; rasa kaoela nadjan radja mana-mana ge moal nandingan."

Koe koering didjawab kieu:

„Tapi, andjeun kĕdah oeninga, jen ieu doenja barana teh sasat beunang meuli koe pati bae, sabab dina eta lĕbak salian ti loba intĕn teh djeung loba oraj deui. Ari oraj teh lain leutik[2], loba noe gĕdena sagĕde gadjah. Kitoe deui koering lamoen teu aja pitoeloeng Allah, tangtoe pisan paeh di dinja; nadjan teu diteureuj oraj ge da tangtoe kalaparan, nja mo boeroeng adjal. Koe sabab eta ajeuna koering moedji reboe-laksa noehoen ka Goesti Allah noe geus maparin kasalamĕtan, djĕmbarna ka arandjeun sadajana noe djadi lantaran koering ka loear ti eta Lĕbak intĕn djeung oraj noe sakitoe-wĕritna.

Ajeuna koering gadoeh, intĕn sakieu lobana, teu rek hawĕk hajang sorangan bae, tapi niat dibagikeun ka djĕlĕma[2] noe geus njieun kahadean djeung ka pakir miskin."

„Lantaran andjeun noe djadi lantaran kasalamĕtan," tjek koering ka kokolotna, nja eta noe mimiti papanggih tea „mangga ajeuna geura njandak ieu pĕrmata, mana noe dipikapalaj."

Eta djĕlĕma moegĕn bae dititah njokot intĕn teh; tapi tina dipaksana, nja daekeun oge njokot, kitoe oge ngan hidji hĕnteu noe gĕde pisan. „Sabab" tjĕnah, „sakieu oge lamoen ĕngke koe kaoela didjoeal djeung batoer[2] kaoela, ladangna moal beak didahar dipake satoetoep oemoer."

Isoekna koering sarerea ngadjoegdjoeg ka nagara. Di dinja koering papisah djeung maranehanana, sabab koering mah rek tĕroes ka palaboeanana, soegan aja kapal noe rek balajar ka nagara Bagdad.

Estoe oentoeng pisan, kabĕnĕran aja, kapal noe rek balajar tĕroes ka Bagdad teh, ngan ngadagoan angin hade bae.

Gantjanging tjarita, koering geus noempang di eta kapal sarta tĕroes balajar ka tĕngah laoetan.

Di djalan teu aja halangan-haroengan sarta tĕroes bae ladjoena ngadjoegdjoeg ka nagara Bagdad.

. . . . . .

Ten sabaraha lawasna koering geus aja deui di tempat bali geusan ngadjadi, di lĕmah tjai sorangan nja eta di nagara Bagdad, dirioeng koe sanak-baraja djeung sobat[2], pada nanggap tjarita lalampahan koering ti waktoe indit nĕpi ka waktoe harita.....

VIII.

Djĕlĕma hideung.

Ajeunâ koering geus djadi deui djĕlĕma beunghar; malah asa leuwih ti bâheula. Sanadjan koering aja dina kamoeljaan oge, ajeuna mah teu ngadjoedjoer napsoe teu poegoeh tjara ka toekang-toekang. Pĕrkara sobat, dipilih bae, sabisa-bisa noe tjageur, bageur, pintĕr. Sabisa-bisa koering ngalampahkeun kabageuran, ngadjaoehan sakoer lampah salah, njampoerkeun maneh ka kolot[2] noe loehoer elmoena, lĕgok tapakna, gĕnteng kadekna. Djeung deui sabeunang-beunang ngalobakeun toetoeloeng ka noe boetoeh, ngipajahan noe sangsara, sidĕkah ka pakir miskin, ngabantoe koe arta ka djĕlĕma-djĕlĕma noe maksoed ngamadjoekeun bangsana kana kapintĕran djeung kasalamĕtan.

Barang geus meunang sababaraha taoen koering nja tjitjing di lĕmboer djeung kamoeljaan, laoen-laoen mah wĕt ngarasa bosĕn ngoeloekoetĕk bae teh, djorodjoj pikiran hajang njanjabaan deui ka nagara-nagara sedjen, ngadjadjah doenja, geusan nambahan loeang. Lain teu ingĕt kana kasangsaraan noe geus kasorang, ngan dipikir kieu bae, moenggoehing papasten tea, aja di mana-mana ge mo' beunang dipikahajang atawa dipikaĕmboeng; lamoen diri katibanan papasten hade boh goreng, moal bisa soemingkir deui. Sanadjan di lĕmboer sorangan rioeng-moengpoeloeng djeung sanak baraja, lamoen datang kapastian diri koedoe tjilaka, eta hamo beunang dihalangan. Koe sabab eta, gilig pikir koering niat lalajaran deui ngadjadjah doenja.

Dina hidji poĕ koering noempang kana hidji kapal noe rek balajar ka nagara-nagara noe djaoeh, toeloej ka loear ti palaboean nagara Bagdad.

Kadoea kali ieu koering ninggalkeun lĕmboer sorangan teh, ngan ari bareto niat oesaha, ari ajeuna niat pĕlĕsir, rek djadi Langlangboeana.

Kadar naon noe baris kasorang, koering teu tĕrang, naha baris njorang kasangsaraan deui tjara noe ĕnggeus atawa baris koemaha, geus teu ngaborongkeun Noe Maha Soetji bae, pasrah soemĕrah koemaha pangĕrsana; ngan bae, sabisa-bisa ihtiar sangkan pinanggih djeung kasalamĕtan.

Geus meunang sababaraha poĕ koering aja di tĕngah laoetan teu aja sakara-kara, salamĕt bae taja halangan haroengan, katoeroeg-toeroeg meunang angin hade ti sadjoeng ti palaboean.

Tapi dina hidji poë, kira wantji lohor, langit angkeub, sakitoe beurang keneh nakër teh mani poëk tjara geus magrib bae, sarta teu lila koering ngadenge sora ngahioeng matak reuwas pisan.

Matros-matros pahiboet, tjara noe rek kadatangan moesoeh bae, aja noe ngagoeloengan lajar, aja anoe mageuhan sampan kana tjangtjanganana; nangkoda hiboet paparentah bari toetoendjoek ka matros-matros.

Koering kaget ningal polah oerang kapal sakitoe riboetna, tina tatjan ngarti bahaja naon noe rek datang teh, djeung sora naon deui eta noe ngahioeng teh. Koe koering ditanjakeun ka nangkoda, ari djawabna: „Sakeudeung deui tangtoe hoedjan angin, oerang koedoe taki-taki ngadjaga bahaja, sabab loba pisan kapal-kapal noe tjilaka, kalëboeh lantaran ditaradjang koe angin topan."

Teu salah nangkoda teh, tjotjog satjaritana, sabab teu sabaraha antarana brëg hoedjan angin dordar gëlap, kilat pating boerinjaj mani tjara pasër seuneu bae. Laoet ngadak-ngadak motah leuwih ti sasari, ombak pating soeroewoek, pating djoenggiring bragbrëg naradjang kana kapal. Kapal noe sakitoe gëdena teh lir batok palid di waloengan tjaah bae, ampoel-ampoelan diboentang-banting koe ombak. Tjai laoet asoep ka djëro kapal, toeroeg-toeroeg tihang tëngah peunggas koe angin; kamoedi amboeradoel kabawa lambak katoet djoeroemoedina titeuleum ka dasar sagara.

Kabeh sakoer noe aja di kapal geus teu paroegoeh polah, sarerea maroentang kana naon bae noe karawel, sieun kabantingkeun koe ombak sakitoe galëdena; poetjoekna siga di awang[2] bae, blok kana kapal, kabeh rantjoetjoet. Kapal apoeng-apoengan, galoeang-galoeng geus teu beunang dibëbënër, da taja kamoedina. Sarerea geus teu aja noe ngarëpkeun kana hiroep; roepa roepa polahna, aja noe sasambat ka Allah, noe njambat indoeng-bapana djeung djaba ti eta. Pikeun koering, tina bingoengna teh toengtoengna nja pasrah bae koemaha kadar diri.

Teu lila djëdak kapal neunggar karang, braj beulah oetjoetan; djëlëma-djëlëma patingkalëtjëboer ka laoet, noe bisa ngodjaj, ngodjaj sakoeat-koeat ngarawelan papan-papan noe ngarambang, noe hënteu mah, nja këlëp bae titeuleum.

Harita teh poëkna teu kira-kira geus teu katingal naon-naon, ngan sasambatna noe menta toeloeng, estoe matak watir pisan, tapi boro-boro mikiran batoer atawa noeloengan tea, koering pribadi geus njamarkeun maneh, kawantoe teu bisa ngodjaj tea, ngan oesaj-asoj teu poegoeh bae; kabënëran koering ngarawel papan noe keur diparoentangan koe tiloe matros. Angkleung-angkleungan bae koering opatan maroentangan papan tea; lila-lila rëp teu ngadenge naon-naon, noe sarasambat oge teu kadenge deui, doeka geus maraot, doeka hariroep keneh tjara koering opatan, sabab poëk teu awas ka noe djaoeh.

Barang hoedjan geus raat, langit bĕrésih deui, tapi ari seg loeak-lieuk..... wĕt ningal roenggoenoek[2] siga poelo, beuki lila beuki tetela tingdjaroemploek kakaianana. Koering opatan sakoeat-koeat ngarodjaj ngadjoegdjoeg ka eta poelo, kabĕnĕran datang lambak ti tĕngah, lila-lila djlog narĕpi ka basisirna, toeloej harandjat ka darat.

Bari njanghoendjar lambar teh koering moedji reboe-laksa noehoen koe Goesti Allah noe ngadjait tina baja maot.

Sanggeus rada aso meueusan, toeloej koering sarerea maradjoe ka darat, neangan soegan manggih tĕdaeun; kabĕnĕran manggih boeboeahan djeung dangdaoenan noe ngeunah didahar, kitoe deui tjai inoemeun manggih herang pisan.

Harita geus boerit, teu warani marondok di darat pisan sieun aja sato galak, ari geus sareubeuh barang dahar mah baralik deui bae ka basisir, marondok di sisi laoet.

Isoekna soeboeh keneh geus haroedang, toeloej badami pilampaheun, naha mapaj-mapaj basisir bae atawa ka-darat, ka djĕrona eta poelo?

Tjarek hidji matros: „Timbangan kaoela mah mĕnding ka darat bae, soegan-soegan panggih djeung djĕlĕma sarta naroeloengan ka oerang."

Tjek batoer noe saoerang: „Koemaha lamoen papanggih djeung djĕlĕma noe sok njatoe daging djĕlĕma deui?" „Oerang sarerea tatjan bisa nĕtĕpkeun naha ieu teh poelo kosong atawa aja djĕlĕmaan." tjek koering „Kitoe deui lamoen ĕnja aja djĕlĕmaan, atjan tangtoe djĕlĕma koemaha-koemahana. Oepama bae di dieu aja djĕlĕma leuweung, panggih djeung oerang sarta rek mĕrgasa. sakoeat-koeat oerang lawan bae koe sarerea, tapi koedoe goejoeb. Rasa kaoela oerang oelah waka sieun koe sangkaan, da nadjan tjaritjing bae ge di basisir, lila-lila mah tangtoe kapaksa oenggah ka darat neangan dahareun; keur naon make noenggoe langla-jeuseun heula, mĕnding ajeuna ngeureujeuh, soegan bae manggih djalan geusan handjat tina ieu kasangsaraan."

Gantjangna sarerea moepakat madjoe ka darat, toeloej arindit saparan-paran bae, teu poegoeh anoe didjoegdjoeg.

Sanggeus rada lila ti sadjoeng ti basisir, koering sarerea ningal haseup ngĕloen kawas haseup doeroekan, toeloej ngadjoegdjoeg ka lĕbah dinja, sabab sangkaan sarerea ge tangtoe di dinja aja djĕlĕmana; ari djĕlĕma naon-naonana mah teu dipikir, ngan boengah bae pedah tereh panggih djeung bangsa djĕlĕma.

Ari geus rada deukeut, katinggal loba imah-imah hateupna eurih, djĕlĕmana tjaringogo ngarioeng doeroekan.

Barang eta djĕlĕma-djĕlĕma tea narendjo ka koering opatan, djeung narangtoeng, sĕmoena karageteun bari ngaromong djeung batoerna, sarta rob njalampeurkeun; teu lila koering opatan geus dilingkoeng koe maranehanana.

Eta djélëma darëdëg pisan, koelitna harideung tjara harang-gasoe bae, bangoenna teu matak-rësëp, përëngës, këtjoet bangoen taja rasrasan, awakna boeligir, ngan ditjarawët bae koe koelit-koelit kai beunang mekprek sakadar noetoepan orat.

Maranehanana ngomong koe isarah ka koering, pëpëta nitah noetoerkeun ka pondokna; koe koering sarerea ditoeroet bae ditoetoerkeun ka imahna.

Di imahna koering djeung batoer batoer dibere saroepa inoeman, doeka inoeman naon. Batoer-batoer koering hararipeut bae ngari-noem tingrarëgot, ari koering mah teu wani ngitjip-ngitjip atjan, tina salëmpang sieun koemaonam. Sanggeus sareubeuh batoer-batoer koering ngarinoemna, katingalna kawas marabok, katara, dina oelatna djeung ngaromongna rada këtjëmplang këtjëmploeng.

Teu lila koering sabatoer-batoer disoegoehan dahar boeboer diadoek djeung minjak lëndah. Batoer noe tiloean dalaharna paronjo nakër kawantoe geus lalapar pisan, tapi koering mah ngan tamba hënteu bae, tina teu ngeunah rasa ningal pëtana priboemi ngaromong djeung batoer-batoerna, kawas-kawas aja maksoedna goreng.

Koering sabatoer-batoer teu meunang ingkah deui, koe priboemi diharalangan bae, malah waktoe koering sarerea rek maksa arindit, katjida bangoen arambëkeunana nëpi ka ngantjam koe paneunggeul soepaja koering sarerea tjaritjing. Atoeh teu bisa koemaha, nja noeroet bae, da poegoeh lain lawan-lawaneun, ka-wantoe rea batoerna, toeroeg-toeroeg baroga pakarang deui. Toe-loej koering sarerea dipërnahkeun dina hidji tëmpat, didjaraga, sore-isoek diparab kadaharan tjara ti heula, nja eta boeboer diadoek djeung minjak.

Batoer-batoer bareukieun pisan kana eta kadaharan teh, tapi aneh koering mah wëleh bae teu beuki, anggoer soeka ngadahar djoedjoekoetan bae djeung dangdaoenan, toeroeg-toeroeg meh teu aja pisan napsoe kana barang dahar teh, kawasna tina pinoeh teuing kabingoeng djeung kasoesah; soesah koe teu meunang ingkah djeung risi sieun diharakan koe eta djëlëma harideung teh, sabab mindëng koering nendjo maranehanana ngaharakanan oraj, andjing, monjet djeung sadjaba ti eta, soemawonna bagong mah.

Atoeh teu kira-kira bae koering nja prihatin, boga rasa moal leupas deui tina baja maot, geus wëleh neangan djalan geusan minggat, lantaran beurang-peuting ditaroenggoean bae piligënti. Tina kitoena awak koering roeksak pisan, iga ragas, panon tjë-long, ngan kari koelit djeung toelang bae, lantaran koerang dahar koerang sare, toeroeg toeroeg sakitoe prihatinna.

Tapi heran koe batoer-batoer, wët maranehna mah taja rioek-rioek bangoen soesah, malah sigana teh garënah barëtah bae, dahar rarëwog, hees bareuki, nëpi ka awakna maroengkoek bakating lintoeh.

Dëmi eta djëlëma harideung tea bangoen katjida saroeka-boengahna djeung rarësëpeunana ka batoer-batoer koering teh, pedah bareuki dahar sarta beuki lalintoeh teh.

Sabalikna ka koering mah bangoen kareuheuleun nakër, sigana teu rësëp nendjo-nendjo atjan sabab awak koering beuki ngongkoëng bae, nëpi andjogna mah geus teu malire deui. Saënjana koering boengah pisan teu dipikarësëp koe maranehanana teh, soegan-soegan bae bisa minggat, da tara pati dititenan.

Barang batoer-batoer geus lalintoeh pisan nëpi ka gagadoengan, noengtoetan euweuh, isoek saoerang, pageto lës deui noe kadoea euweuh, toengtoengna kari koering sorangan; teu sak deui tangtoe dipeuntjitan, diharakan koe eta djëlëma-djëlëma djarahat tea. Ari koering, kawasna rek disina lintoeh heula noe matak dipandeurikeun teh. Teu pëtot koering neangan akal rek minggat, tapi wëleh bae teu bisa, komo sanggeus kataksir koe maranehna, jen koering boga niat kitoe, beuki didjaga bae. Tapi sanadjan kitoe, teu wëleh noenoehoen ka Noe Agoeng, moegi-moegi dipaparin pitoeloeng.

Katjaritakeun dina hidji poë, djëlëma harideung teh boedal marawa pakarang, doeka rek ka marana, ngan tinggal saoerang noe noenggoean koering, aki-aki. Koering geus garetek bae hajang geura djoeng maboer, orokaja eta aki-aki teh tjindëloek bae; ari rek didodoho diteunggeul, teu tega, ënja ge koering lain djëlëma alim, teu iklas bae mërgasa ka sasama mahloek Allah, nadjan ka noe sakitoe djahatna, komo ieu mah matak watir, aki-aki.

„Ah, rek sabar ngadago bongohna bae." tjek koering dina hate.

Barang geus tëngah poë, poë panas mëntrang-mëntring, erengerengan, langit bërësih taja mega meueus-meueus atjan, manoek-manoek areunteup dina regang-regang kai noe ioeh, ngarioehan, teu aja papatong-papatong atjan noe koemëlëndang, tajohna teu kadoega koe panasna tjahaja srangenge sakitoe tarikna . . . . . Ari ngareret ka aki-aki tea bët keur ngalënggoet bae noendoetan. Angën ratoeg, risi pabaoer djeung atoh, palangsiang nja ajeuna pibisaeun minggat teh. Koering nekad sabab geus nëpi kana waktoena, noe diarëp-arëp tea ge nja eta bongohna; djoeng nangtoeng, edas toeoer njorodtjod, rek ngalengkah teuing koe beurat, panon mëlong ka aki-aki tea, risi sieun njaring, kabënëran aki-aki teh tonggoj bae njangkere kana bilik bari ambëkanana këkëpohan tina soengoetna. Salengkah, doea lengkah, aki-aki djongdjon bae, anggoer beuki tarik kerekna bari ngatjaj, opat lengkah, lima, gënëp, toe . . . . . djoeh, bërëngbëng loempat notog-notogkeun maneh, boes ka noe bala, geus tjara bëgoe bae koekoeroeboetan, teu tolih tjoetjoek teu tolih kana naon-naon. Sanggeus lila nja totorobosan di noe bala, rëg eureun, ngadedengekeun bisi aja noe njoesoel, tapi kabënëran teu

aja kitoe-kieu noe matak risi, toeloej deui madjoe koekoeroeboetan kana roejoek saliara, eurih, djarong, areuj-areuj tingkaroerawéd kana soekoe kana beuheung, téroes bae diroempakan teu poegoeh noe didjoegdjoeg, geus ka mana népina bae.

Teu lila deui panonpoé toenggang goenoeng. Soekoe koering karasana pareurih, manahoreng meh saloear awak bae raramed raraheut balas tikakarait, tadi mah teu karasa, tajohna tina atoh pabaoer djeung risi, sieun aja noe ngoedag. Ajeuna geus djaoeh ti tempat bahja sakitoe gédena, ngarasa soegéma hate, naksir moal aja noe njoesoel, ngan awak bae njarĕri djeung tjape, toeroeg-toeroeg lapar. Toeloej neangan tédaeun, kabĕnĕran loba boeboeahan noe ngareunah djeung manggih tjai herang pisan. Sanggeus seubeuh dahar leueut, toeloej naek kana kai, pépéta keur énggon hees, da teu wani ngagoler di handap mah sieun kapanggih koe sato galak.

Bari njangkere teh koering ngadoa, moedji soekoer ka Goesti Allah tina roemasa didjait tina balai, teu toeloes diharakan koe djalma leuweung tjara batoer-batoer noe sedjen, toeroeg-toeroeg barang dahar seubeuh, pamondokan sakitoe soegémana.

Tina oeroet loempat sakitoe djaoehna, toeroeg-toeroeg meh saban peuting teu pati sare balas mikiran karisi sieun dipeuntjit, ajeuna kakara ngarasa reureuh, hate sénang taja kahariwang, teu karasa deui ngan reup bae koering sasarean. . . . . .

PNRI Balai Pustaka

IX.

Sela.

Koering teu tĕrang, doeka sakoemaha lilana nja sasarean, ngan ari lilir, panonpoë geus loehoer pisan; rarasaan teh di imah djĕlĕma hideung keneh, ari ngareret ka toekang ka hareup, nĕmpo ka handap, bĕt di loehoer kai; ras ingĕt jen harita geus lain di imahna djĕlĕma djahat tea. Koering teu boeroe-boeroe toeroen, loeloengoe keneh, dioek bae bari moedji soekoer ka Goesti Allah noe geus maparin pirang-pirang pitoeloeng. Geus kitoe toeloej toeroen lalaoenan, sabab awak ngarasa njarĕri djeung rarĕgĕd; toeloej barang dahar boeboeahan djeung poepoetjoekan. Sanggeus ngarasa sĕgĕr, djoeng indit ti dinja, rek noeloejkeun lalampahan.

Kitoe bae oenggal poë asoep leuweung ka loear leuweung, barang dahar sakapanggihna, ari ti peuting naek kana tangkal kai ngadon mondok; isoek-isoek toeroen, leumpang deui saparan-paran. Ari noe djadi toedoeh djalan minangka padoman, taja lian ngan bentang di langit, nja eta soepaja oelah nĕpi ka balik deui ka oeroet, dĕmi kadaharan mah teu soesah, da loba boeboeahan poepoetjoekan noe beunang ditĕda.

Barang geus sababaraha poë ti waktoe ingkah ti lĕmboerna djĕlĕma djahat tea, kira wantji lohor djol koering ka hidji kĕbon pĕdĕs. Koering kaget djeung atoh, soegan bae noe bogana ieu kĕbon teh djĕlĕma bageur noe sok daek toetoeloeng ka noe sangsara. Teu lila ngadenge sada aja noe ngaromong patinggĕrĕndĕng sarta bĕh katingal pirang-pirang djĕlĕma noe keur ngarala pĕdĕs.

Hate koering tĕtĕg, boengah teu kira-kira, tina boga rasa baris salamĕt, sabab nilik kana papakeanana eta djĕlĕma-djĕlĕma teh djĕlĕma biasa, lain bangsana noe sok njatoe daging djĕlĕma deui. Gantjang disampeurkeun. Barang ĕt teh maranehanana narendjo ka koering, bangoen karageteun katjida, malah aja noe rek loempat. Doeka koemaha sangkaan maranehanana ka koering, doemeh koering oedjoeg-oedjoeg koeroenjoeng ti noe bala toer papakean sakitoe nistana roebat-rabet geus teu poegoeh roepana.

Gantjang koering njampeurkeun ka maranehanana bari nĕrangkeun maneh, jen djĕlĕma sangsara. Ti dinja rob njalampeurkeun bari toeloej noe saoerang — tajohna kokolotna — nitah soepaja koering njaritakeun lalampahan ti awalna.

Sapandjang koering tjatjarita, maranehna ngararĕgĕpkeun pisan sarta waktoe koering njaritakeun hal djĕlĕma[2] hideung meuntjitan batoer-batoer koering, manehna ngomong kieu: „Wo, nja djahat ĕnja eta binatang teh. Koela sarerea njaho bĕnĕr ka eta djĕlĕma[2] noe harideung teh, maranehna lain di poelo ieu tjaritjingna, tapi sok daratang ka dieu saban[2] oesoem moepoe pĕdĕs. Memang geus kaoetara, djĕlĕma djahat, sok ngakan daging djĕlĕma deui, tapi biasana noe sok diharakan teh ngan daging moesoehna bae.

Kaoela sarerea oge lain matoeh, di dieu teh, ngan daratang ka poelo ieu rek ngadon ngala pĕdĕs bae, karana di dieu pĕdĕs teh hade pisan djadina."

Toeloej koering diadjak ka pondokna; sarta maranehna ngadjangdjian, dimana baralik koering rek dibawa ka nagarana.

Di dinja koering teu lila, barang maranehanana geus beres barang alana, toeloej koering dibawa kana parahoe rek dibawa ka nagarana. Sadjalan-djalan eta djĕlĕma teh ngĕtjĕwis bae njaritakeun kaajaan di lĕmboerna djeung moedji[2] radjana: bageur, adil djeung njaahan ka noe sangsara.

Tjatoerkeun koering sarerea geus nĕpi bae ka nagarana, sarta toeloej koering dideuheuskeun ka radjana.

Barang Radja ngadangoe hal koering ti abdi-abdina, toeloej andjeunna miwarang koering njaritakeun ti mimiti loenta ti imah nĕpi ka waktoe harita. Atoeh toeloej koering oendjoekan ti awal nĕpi ka ahir ditetek gĕmĕt pisan taja noe kaliwat.

Sanggeus kaoendjoekkeun kabeh, Kangdjĕng Radja teh wĕlaseun pisan, toeloej andjeunna miwarang ka para mantrina ngarawatan koering, sarta andjeunna maparin loengsoeran panganggo noe aloes pisan.

Sanggeus nganoehoenkeun kana kamoerahanana djeung piwĕlas Kangdjĕng Radja, toeloej koering dipĕrnahkeun dina hidji imah aloes sarta dioeroes sagala kapĕrloean koe Kangdjĕng Radja.

Ti harita toeloej bae koering koemawoela ka andjeunna sarta andjeunna katjida miasihna ka koering. Sabisa-bisa koering nembongkeun kasatiaan ka Kdj. Radja, atoeh Radja teh beuki tambah[2] bae miasihna.

Koering ngarasa sĕnang koemawoela ka andjeunna, awak poelih deui, djagdjag djeung lintoeh, beda pisan djeung basa kakara datang; harita mah ngan kari toelang djeung koelit teh saestoena. Para menak djeung para soedagar hormat sarta njarobat ka koering

Dĕmi adat-tabe'at oerang nagara eta katjida pisan koekoehna kana agamana; koe sabab eta nagara teh estoe kĕrĕta, da abdina teu aja noe goreng lampah, toeroeg[2] rata[2] tjaroekoep, noe tani maroekti, noe dagang baleunghar, lantaran tjĕpĕt bĕnĕr menak-menakna, adil-palamarta noe djadi radja.

Ngan aja saroepa noe matak heran teh: kabeh, oerang nagara eta, ti somah nëpi ka menak tëroes ka Radjana pisan ana taroempak koeda tara make sela, dilagar bae, maroentang kana sasoeri, kawas baroedak di oerang rek ngamandian koeda ka waloengan atawa ngangon.

Dina hidji waktoe koering oendjoekan ka Kangdjëng Radja, manawi kawidian rek toemaros. Ari dawoehanana:

„Rek nanjakeun naon, Sinbad, tjik pok!"

„Koemaha margina noe mawi sadajana abdi[2] Goesti, malah Dampal Goesti pisan, oepami nitihan koeda tara nganggo sela?"

„Sela? Naon sela?" saoer Kangdjëng Radja bari ningali ka Patih djeung para mantri. „Kami mah kakara ngadenge oge; koemaha Patih djeung mantri[2] geus njaraho?"

Walon Patih:. „Abdi Goesti oge nëmbe ajeuna bae ngoeping noe kitoe, soemawontën ningal mah teu atjan pisan."

„Abdi Goesti sadajana oge nëmbe ngoeping." tjek mantri[2] mani raong.

„Heueuh," dawoehan Radja „paranti naon eta teh Sinbad?"

„Soemoehoen dawoeh Goesti, anggoëun toenggang koeda damëlna mah, teu aja deui."

„Koemaha roepana? djeung koemaha makena?"

„Doepi roepina meh sapërtos badjoe bae, moeng didamëlna tina koelit, dianggona mah disampajkeun bae kana tonggong koeda, dilapisan koe lamak atanapi naon bae noe rada kandël, soepados koedana oelah njërieun atanapi bohak, tëras ditjalikan."

„Edas, model eta; kawas ënja gënah moen toempak koeda make noe kitoe teh, nja?" dawoehan Radja ka para mantrina.

„Manawi." djawab mantri[2] mani barëng.

„Koemaha Sinbad, ënja gënah make noe kitoe teh?" dawoeh Radja.

„Teu kintën bae; sarëng sanaos djogdjrog atanapi torolong oge, pangtjalikan teh moal ngaraos njëri, teu bentën sarëng linggih dina korsi bae."

„Ah, bënër aneh eta. Koemaha maneh bisa njieun noe kitoe, Sinbad?"

„Doeka Goesti, doepi midamël mah teu atjan njobi[2]."

„Is lain, tjik mëtjak[2] bae maneh njieun noe kitoe, da bahanna mah moal koerang, rek koelit sapi, koelit moending atawa koeda ge loba. Djeung naha ngan koelit bae noe didjieunna teh, atawa aja noe sedjenna?"

„Kantënan nganggo noe sanes mah, margi këdah nganggo beusi."

„Koetan make beusi sagala, keur naonna eta teh?"

„Anggoëun kadali sarëng sanggawëdina."

„Edas, loba nakër oenak-anikna geuning. Tapi wëleh, teu katjipta piroepaeunana. Ajeuna mah boeroe[2] bae maneh geura njieun, kami hajang geura nendjo djeung hajang geura ngadjaran toempak koeda make. . . . . naon teh, poho deui ngaranna ge."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

„Soemoehoen sela, kaoelanoen." tjek koering.

„Tah, sela! Ènja, kitoe tea bae eta mah, maneh koedoe boeroe[2] njieun; hajang geura mètjak. Patih djeung mantri oge harajang meureun sela, nja?"

„Teu kintèn bae," djawab Patih „parantos katjipta bae piraoseunana toempak koeda nganggo sela, manawi toemaninah, tiasa sila."

„Heueuh, lah, rèsèp tèmèn!" dawoehan Radja. „Lain, èngke lamoen rarerea geus pada boga sela, oerang pesta, oerang iring-iringan moetèr kota, taroempak koeda. Koema rèmpoeg kitoe?"

„Ngiring koemaha kèrsa Goesti bae." djawab sarerea.

Tidinja toeloej boebaran.

Gantjangna tjarita, sanggeus sawatara poè hilana ti waktoe njaritakeun bab sela tea, koering geus bisa njieun hidji sela kalawan pitoeloengna patoekangan, noe aja di nagara eta. Eta sela aloes pisan, pèpèk satjoekoepna, sèbrak, apoes boentoet, ambèn, èles, kadali djeung lian ti eta, sarta, dioekir koe pèrmata djeung bènang èmas, da bahanna mah dipaparin ti Radja.

Sanggeus tarapti ngan kari nèrapkeun, gantjang dipintonkeun ka Radja.

Barang beh oge Radja ningali ka koering mawa sela tea, ti kadjaoehan keneh ge geus kèkèprok bae bari ngahiap-hiap.

Doeka koemaha mamanahanana, waktoe ningalian sela tea, ditatap dioesap sèmoe kaget djeung rèsèp; kitoe deui Patih djeung para mantri kabeh kawas katjida karageteunana teh.

„Ka dieu bawa si Mega!" dawoehan Radja ka hidji mantri, bari tonggoj ningalian sela.

Teu lila djol mantri teh mawa hidji koeda djangkoeng gède nja eta toetoenggangan Radja, aloes pisan roepana.

Djèng Radja miwarang koering masangkeun sela tea.

Keur koering masangkeun sela kana koeda tea, kabeh sakoer noe aja di dinja teu aja noe njarita sakètjap-kètjap atjan. Sanggeus tarapti ngan kari noempakan, Radja sasaoeran:

„Tjik pek adjaran koe maneh, Sinbad, kami hajang nendjo heula noempakanana."

Ketjlak koe koering ditoempakan, di dinja bae koekoerilingan di latar karaton. Aneh, koeda teh teu aja adatna atawa baha, noeroet bae kawas noe geus biasa dikadalian. Teu koengsi lila geus pinoeh aloen-aloen koe noe laladjo, heurin oesik sèsèk-djèdjèl, pagèlèk-gèlèk, tajohna teu aja hidji noe geus nendjo sela.

Sanggeus rada lila koering toempak koeda teh, toeloej toeroen, sabab Djèng Radja koe andjeun rek ngèrsakeun toenggang. Katjida loetjoena teh, koeda aloes dirarahaban koe noe sakitoe aloesna, toeroeg-toeroeg noe noengganganana nganggo panganggo sakitoe moeroeb-moebjarna, estoe hatam eta mah.

Ti dinja mah toeloej bae Kangdjëng Radja nimbalan ka Patih, soepaja ngoempoelkeun patoekangan-patoekangan baris njieunan sela pirang-pirang, njonto ka noe geus aja, beunang koering tea. Teu sakoemaha lawasna geus aja pirang-pirang sela sabrëgna, tapi hënteu ditaboer përmata sapërti anggoan Radja, da ieu mah bagikeuneun ka mantri mantri ponggawa.

Barang geus meh kabeh mantri-mantri djeung menak-menak karagoengan sela, dër pesta rame teu kira-kira, mestakeun „sela" djeung „koering" noe dianggap koe oerang dinja minangka *Propesor*.

Ti harita koering beuki tambah-tambah diasih bae koe Radja djeung rahajatna.

X.

Diroeang kerepes.

Dina hidji poë waktoe koering ngadeuheusan, Djëng Radja sasaoeran kieu:

„Sinbad, kahajang kami, maneh teh koedoe tétép-toemétép di dieu bae, oelah aja pikir hajang balik ka lëmboer maneh, sabab kami njaah ka maneh teh. Ajeuna mah anggoer geura boga pamadjikan bae; ari geus rarabi mah, geura, moal asa ngoembara."

Walon koering: „Sadaja daja, abdi Goesti ngambangkeun sapangërsa Dampal Goesti bae."

„Tah, soekoer ari rëmpoeg mah. Geura pek bae milih pipamadjikaneun, oeroesanana mah koemaha kami; bebedja bae ari geus manggih noe panoedjoe mah!" Djaba ti eta loba deui sasaoeranana Kangdjëng Radja. Sanggeus toetas dawoehan, koering amit moendoer.

Gantjangna, sanggeus sababaraha poë fi harita, koering kawin ka hidji parawan anak soedagar gëde di nagara eta, sarta toeloej imah-imah sakoemaha adat-biasa noe laki-rabi.

Salawasna di nagara eta koering teh estoe moelja pisan, lantaran ditjoekoep toer diasih koe Radja, dihormat diakoe koe sarerea; ngan handjakal teu lana, kaboeroe datang deui kapastian diri, koedoe pisah djeung djëlëma-djëlëma noe sakitoe njaraahna ka koering, koedoe njorang deui kabalangsakan djeung kasangsaraan; tajohna atjan idin lila-lila aja dina kasënangan teh, kakara bae njeunghap—moen laoek tea mah—geus kërëlëp deui kana rantja kasangsaraan. Dëmi noe djadi lantaran, kieu:

Dina hidji mangsa pamadjikan koering gëring pajah, geus sababaraha poë teu kararaban sangoe saremeh tjai sakëtjlak, hoedang dihoedangkeun - ngëdëng dikëdëngkeun, koe sarerea geus disamarkeun bae, sare'atna sakitoe mah, geus taja badena kana mënjat deui.

Teu kira[2] bae koering nja prihatin, soesah lain meumeueusan, sieun pamadjikan tëpi ka adjalna. Noe matak soesah pohara teh, lain pedah ëmboeng pisah djeung pamadjikan, tapi soesah koe sabab adat di nagara eta: lamoen pamadjikan paeh, salakina koedoe miloe diroeang hiroep-hiroep, nja kitoe deui sabalikna, lamoen lalakina noe maot, awewena koedoe diroeang kerepes.

Tah kitoe sababna noe matak katjida soesahna teh, koe hajang keneh hiroep. Sabab tangtoe, lamoen pamadjikan koering maot, koering koedoe diroeang hiroep-hiroep, moal meunang moengpang.

Koe sabab eta, sanadjan pamadjikan gering sakitoe pajahna sarta taja taksiran tjageur deui oge, teu wëleh[2] koering nënëda ka Goesti Maha Soetji, moegi-moegi pamadjikan oelah waka maot samemeh koering loenta ti nagara eta, atawa njoehoenkeun ditjaboet njawa, oelah nëpi ka njorang diroeang kerepes. Tapi teu beunang, dasar milik badan sangsara nëpi ka adjal; pamadjikan koering teh nëpi ka hanteuna . . . . . maot.

Geus teu bisa njaritakeun deui kasoesah waktoe harita, anging Allah bae noe oeninga; beak, pangharëpan teh, sabab pasti moal bisa soemingkir deui, koedoe paeh sangsara, dikoeboer hiroep-hiroep.

Dina poëan rek ngoeboer majit, sanak-baraja pamadjikan daratang kabeh, kitoe deui sobat[2] djeung kawawoehan[2] koering tamplok, malah Djëng Radja koe andjeun oge soemping.

Sanggeus koempoel sarerea, toeloej majit pamadjikan koering teh didangdanan, make papakean noe araloes: geulang, panitih, soewëng, tjoetjoek gëloeng, ali, kabeh bangsa mas-intën noe dipake waktoe panganten teh dipakekeun, saroepa ge taja noe kari.

Koering pribadi ge nja kitoe, didangdanan teu meunang baha, make papakean noe araloes oeroet pangantenan.

Koering oendjoekan ka Radja, njoehoenkeun diiwal, oelah miloe dikoeboer, hajang keneh hiroep, djeung nëda ditimbang koe sarerea, doemeh koering mah djalma ngoembara, teu saagama djeung maranehanana. Tapi barang Radja ngadangoe pioendjoek koering kitoe teh kalah ka goemoedjëng, nja kitoe deui noe sedjen sakoer noe aja di dinja kabeh ge njaleungseurikeun bae, da poegoeh ge ari maranehna mah, lamoen nëpi ka waktoena koedoe diroeang kerepes teh, boengah, mangka-mangka koering mah sabalikna, tjeurik, atoeh „aneh" tjënah. Tjindëkna, koering teh teu meunang ëmboeng, koedoe bae miloe dikoeboer.

Barang geus tarapti, toeloej majit teh diasoepkeun kana tambëla (pëti majit), djoeng digarotong; pandeurieunana tambëla kosong, djang wadah koering, ditema koe koering beunang midang tjara panganten, ti dinja sanak-barajana pamadjikan djeung noe sedjen-sedjen, noe miloe ngadjadjapkeun ka koeboer, Malah Radja ge angkat, diiring koe ponggawa-mantrina.

Di djalan koering oendjoekan sakali deui ka Radja, njoehoenkeun piwëlasna, hajang oelah toeloes dikoeboer hiroep hiroep, tapi manan digoegoe mah kalah ngagëntak-gëntak, miwarang sing gantjang djeung oelah ngomong naon-naon.

Tëmpatna ngoeboer majit teh teu kira-kira djaoehna sarta djalanna beuki lila beuki nandjak bae, toeloej naek kana poentjakna hidji pasir, sarta teu lila nëpi.

Di dinja aja hidji batoe gëde pisan. Eta batoe dikeserkeun koe pirang-pirang djëlëma, sanggeus ngeser saeutik, beh aja liang noetoeg ka handap tjara soemoer, mëlëwong poëk matak gila, eta teh nja eta lawang goeha paranti ngoeboer majit tea.

Tambëla majit pamadjikan koering tea diasoepkeun kana eta liang. Ari koering toeloej sasalaman ka sarerea djeung moendjoeng ka Radja; geus kitoe toeloej koering diasoepkeun kana tambëla, di djërona geus disadiakeun kadaharan djeung tjaï saeutik, toeloej diaboeskeun deui kana goeha, liangna ditoetoep deui koe batoe gëde tea, taja pëtana beunang dilaan ti djëro.

Sanggeus rada lila, koering bidjil tina tambëla; tjahaja panonpoë bisa oge asoep ka djëro saeutik, tina sëla-sëla liang goeha, djadi bisa oge awas kana kaajaan di dinja sakoer noe deukeut mah. Ngan edas, hawana teuing koe baoe, bangke patoelajah, malah aja noe anjar keneh, tapi lolobana mah rorongkong, tangkorek djeung toelang toelang pabalatak. Ti dinja toeloej koering kakarajapan neangan ënggon noe gënah meueusan, teu lila djol kana tëmpat noe lëga sarta teu pati baoe teuing, ngan poëk pisan, gek koering dioek, njanghoendjar lambar, teu kaampeuh ngan sëgroek bae tjeurik njëri kabina-bina, ras ka diri, baris paeh nandangan sangsara heula . . . . . .

Sanadjan geus tërang pisan, jen taja pëtana bisa ka loear ti dinja, tapi teu wëleh moemoentang mah ka Goesti Allah, bangët nja njoehoenkeun pitoeloeng Andjeunna, moegi-moegi didjaït tina baja noe keur dilakonan, sarta tobat njoehoenkeun dihampoera dosa, toer këkël dina hate, bangët përtjaja jen Allah ta'ala agoeng toer kawasa, taja noe moestail di Andjeunna mah, nadjan rek ngërsakeun koemaha-koemaha oge.

Koe sabab eta, datang deui pangharëpan, malah mandar aja pitoeloeng Maha Soetji bisa ka loear ti dinja.

Sapoë — doea poë — tiloe poë, wët atjan keneh bae manggih lantaran bisa ka loear ti dinja, tajoh geus titis-toelis koedoe maot di dinja.

Sanadjan koering di djëro goeha teu bisa ningal langit, tapi bisa oge ngabedakeun beurang djeung peuting, lantaranna ari ti beurang mah aja wae tjaang-tjaang meueusan tina sëla-sëla liang goeha tea, dëmi ti peuting, poëk mongkleng boeta-radjin teu awas ngoetëkkeun tjoeroek-tjoeroek atjan.

Kadaharan pamahanan tea, geus beak, nadjan katjida diapik-apikna ge, da saeutik, toengtoengna mah nja bërësih.

Mimiti koering ngarasa lapar, beuki lila beuki pohara, beuteung panas asa dieusi seuneu bae, tikoro garing; tapi nja dikoemaha, da poegoeh naon tëdaeun lian ti bangke djëlëma, majit pamadjikan noe rada anjar keneh, meureun keur hoemaneuleum. Orokaja teu iklas, nja soeka maot bae ënggeus, batan njatoe bangke pamadjikan mah.

Doemadakan koering dipaparinan toendoeh bangĕt, ngan reup bae sasarean teu ingĕt kana naon-naon deui.

Barang lilir, ngadenge aja noe kekeresekan, deukeut nakĕr, teu koengsi lila tembong djoedjoeringkangan kawas kalangkang, ngabĕlĕgbĕg bae hideung teu poegoeh roepana. Eta noe ngabĕlĕgbĕg teh kadenge gĕgĕbos, oengas-ingoes kawas noe ngambeuan naon-naon.

Reuwas djeung sieun geus taja papadana, nĕpi ka rĕj tiris, pĕr ngadegdeg, poendoek mah moenggah asa ngadingklik, tina sangkaan geus moal naon deui, moen teu djoerig tangtoe Wanakiroen, toekang mariksa noe maot tea.

Tina kaliwat sieun, andjogna teh djadi nekad hajang njidikkeun boektina, toeloej bae disampeurkeun, geus koema behna bae. Tapi aneh katjida, dideukeutan teh siga ngadjaoehan; toeloej bae koe koering ditoetoer-toetoerkeun, saban geus deukeut, ngĕdjat, tapi tĕroes bae ditoetoerkeun. Toengtoengna mah lĕs bae teu rĕmĕng-rĕmĕng atjan, doeka ka mana losna. Koering bingoeng, tina sakitoe poĕkna, koedoe ka mana nja madjoe, tapi da ka mana-mana ge taja piliheunana, tĕroes bae leumpang sakaboelangbentor.

Asa geus lila nakĕr leumpang teh, malah geus ngarasa tjape, tåpi liang teh masih tĕroes keneh bae; ti dinja mah toeloej bae madjoe deui, hajang njaho, koemaha djeung ka mana toengtoengna.

Sanggeus sababaraha lilana, beh aja noe herang-herang di hareupeuh, tjelak-tjelak siga bentang, toeloej koe koering didjoegdjoeg noe herang teh. Beuki lila tembongna beuki gĕde, asal sagĕde katjang, djadi sagĕde moentjang, toeloej sagĕde ĕndog, sagĕde peureup, sagĕde . . . . . djol bae nĕpi; sihoreng liang ka loear gĕdena samontjor awak.

Pĕrkara kaboengahan manggih djalan bidjil, koe sadaja ge tangtos kama'loem.

Toeloej koering bidjil, tapi . . . . . oeroet beunta di noe poĕk sakitoe lilana, ajeuna djol ka noe tjaang, wĕt djadi teu awas kana naon-naon, tetendjoan teh bodas bae, asa beunta di djĕro tjai; hadena teu lila, sanggeus dipeureumkeun sakeudeung, braj teh beunta deui, sihoreng sisi laoet.

Koering soedjoed soekoer kana kamoerahanana Goesti Allah, kĕrsa keneh maparin pitoeloeng ka diri, nĕpi ka bisa deui ningal langit, panonpoĕ djeung boemi, sarta awahing koe atoh, toengtoengna teh tjoeroetjoed tjipanon, koering tjeurik.

Tetela pisan moenggoeh Allah ta'ala teh maha agoeng, kawasa toer moerah-asih ka oematna noe nĕnĕda ka Andjeunna.

Kitoe deui moenggoehing manoesa, koe kĕrsa Andjeunna, tina soesah kana soeka ngan sakitjeup. Teu aja noe moestahil di Andjeunna mah.

XI.

Panoetoep.

Basisir lĕbah dinja teh leuweung rĕmbĕt pisan, kawasna tara kasorang koe djĕlĕma, da teu aja pisan tjiri-tjirina.

Sanadjan kitoe gĕde bae pangharĕpan mah, soegan-soegan aja kapal ngaliwat ka lĕbah dinja.

Sapandjang aja di dinja gawe teh mapaj-mapai basisir neangan tĕdaeun, kabĕnĕran loba pisan ĕndog pĕnjoe djeung tirĕm malah tjai inoemeun ge teu koerang, djadi koe kalaparan mah teu salĕmpang, ngan kainggis teh sok sieun kapanggih koe sato galak atawa djĕlĕma djahat.

Waktoe koering aja di djĕro goeha tea, sagala barang ĕmas-intĕn papakean majit-majit sakoer noe kapanggih dikoempoelkeun, tina aja oge ingĕtan soegan bisa ka loear.

Eta ĕmas-intĕn noe sakitoe lobana salawasna teu lesot tina tjangkeng, digegendol bae, dibeubeurkeun.

Katjaritakeun dina hidji poĕ, koering ningal kapal lapat-lapat djaoeh pisan, sigana bae madjoena mapaj basisir. Barang eta kapal nĕpi ka lĕmpĕngan koering pisan, gantjang koering njaboet sorban dikĕboet-kĕboet make gagang. Teu salah tarekah teh, hasil oge, kapal teh katingal ngagoeloeng lajar sarta teu lila aja sampan ngadjoegdjoeg ka lĕbah koering.

Sanggeus eta sampan nĕpi ka darat, noe taroempakna njalampeurkeun bari naranja naon maksoed koering noe matak ngĕboet-ngĕboet kelebet djeung aja dina tĕmpat noe tara kasorang koe djalma.

Koering teu wani waktja-balaka satĕroes-tĕrangna, ngan didjawab bae, jen koering djĕlĕma noe meunang tjilaka lantaran kapal kalĕboeh di lĕbah dinja.

Ti dinja teu pandjang tjarita deui, toeloej bae koering dibarawa kana sampan tĕroes ngadjoegdjoeg ka kapal. Di kapal ditanggap tjarita koe nangkoda kapal djeung sakoer noe aja di dinja, tina hal lalampahan koering ti awalna.

Tapi koe sabab tadi geus ngabohong, tjek koering:

„Koering teh oerang nagara Bagdad, loenta ti lĕmboer niat dagang ka nagara-nagara sedjen. Tapi barang geus sababaraha poĕ aja di laoetan, kataradjang angin topan, nĕpi ka kapal katambias, sarta barang nĕpi ka lĕbah dieu, kapal kalĕboeh, noe

taroempak katoet barang-barangna kabeh asoep ka djëro laoet. Ari koering, aja pitoeloeng Allah, hënteu paeh titeuleum, lantaran kaombakkeun ka darat nëpi ka bisa salamët, malah aja oge barang-barang noe kabawa" — barang-barang ti goeha tea, koe koering ditembongkeun — „sarta sanggeus sababaraha poë koering aja di dinja, ningal lapat-lapat siga kapal ti kadjaoehan, sanggeus tetela, koering ngëboet-ngëboet sorban maksoed nëda toeloeng, kabënëran koe arandjeun kataringali. Koering oendjoek reboereboe noehoen ka Goesti Allah, sarëng ka arandjeun sadajana noe sarae manah, kërsa noeloeng ka noe sangsara."

Kabeh sakoer noe aja di kapal soemawonna nangkoda mah, hawëlaseun pisan, malah nangkoda ngadjangdjian rek nganteurkeun koering ka Bagdad, teu koedoe majar tambangan kapal. Koering nganoehoenkeun ka nangkoda, reh andjeunna sakitoe bageurna nëpi ka rek nganteurkeun ka nagara Bagdad. Sapandjang aja di kapal, koering dioeroes sarta dipërnahkeun hadehade koe nangkoda teh. Sanggeus sababaraha poë di djalan, djol datang ka palaboean nagara Bagdad djeung salamëtna. Gantjangna koering geus datang ka bali geusan ngadjadi, lëmah tjai sorangan noe geus pirang-pirang lawasna ditinggal.

Sanak-baraja djeung sobat-sobat kabeh narëpoengan pada nanggap tjarita lalampahan koering noe dikira koe maranehanana geus maot di panjabaan tina taja bedja-bedja atjan. Lima taoen lilana koering ti waktoe indit nëpi ka datang deui ka imah.

Ajeuna koering toeloej bae imah-imah koempoel djeung sanak-baraja, teu aja niat njanjabaan deui.

Harta-banda koering noe bareto, katambahan koe pirang-pirang barang mas-intën bawa ti goeha tea, moal beak didahar dipake nëpi ka satoetoep oemoer oge. Koering mërloekeun misahkeun satjoekoepna pikeun sidëkah ka pakir-miskin djeung lian ti eta.

TAMAT.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

